

## ХУАРЗ ЛÆГ ХУАРЗДЗИЙНÆДТÆЙ АРАЗУЙ Æ КАРНИ ИСКОНД!..

***СЕНЕКА**, рагонромаг зундилæг: «Цардæгас æй беретæн хуарзи ка цæуй, е. Цардæгас æй, æхецæн пайда ка ‘й, е. Æхе ка баримæхсуй æма гъоргъи ка ниххæссуй, уомæн ба æ хæдзарæ марди кири хузæн æй. Саугæнгæ ма æ къæсæри рази мрамори къæйдорбæл æ ном ниффинсæн ес: уомæн æма æ адзалæй раздæр рамардæй...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№32 (858) 2022 анзи 19 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман




Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло æма Стъараполи крайи губернатор Владимир Владимиров форум «Машук»-и архайгути хæццæ.

## НИФСГУНÆН Æ ИСОНИБОН – ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆДÆР!..

Сахар Пятигорски æ куст райдæдта Еугуруæрæсеуон фæсевæдон форум «Машук-2022». Уæрæсей алли регионтæй си архайунцæ дууæ мин адæймагемæй фулдæр. Донецкаг æма Луганскаг Адæмон Республикити фæсевæдæн дæр си равгæ фæцæй сæ архæстдзийнæдтæ равдесунæн. Форуми кадгин иуазгутæ исæнцæ Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**, Стъараполи крайи губернатор **Владимир Владимиров**, Паддзахадон Думи депутаттæ **Ольгæ Тимофеева** æма **Еленæ Бондаренко**, Цæгат Кавкази федералон зилди хецауадон къабæзти бæрнон косгутæ. Форум цитгин уавæри байгон кæнуни размæ иуазгутæн искодтонцæ зонгæгæнæн экскурси: фæууидтонцæ тематикон фæзтæ, цæгаткавказаг республикити цатæртæ. Форуми туххæй æрмæг кæсетæ 8-аг фарсбæл.

### АХСГИАГ ЦАУ



## СÆЙРАГДÆР ÆЙ АХУРГÆНÆГ!..

Нæ республики педагогон косгутæ æрæги сæ аллианзон урух æмбурди æрдзубанди кодтонцæ Цæгат Иристони еумæйаг ахурадон тугъдади идарддæри райрæзти фарстатæбæл.

Æмбурди кадгин иуазгутæ адтæнцæ Уæрæсей Федераций рохсади министри хуæдæййевæг **Андрей Корнеев**, федералон агентадæ «Рособрнадзор»-и разамонæг **Анзор Музаев**.

Конференций архайгутæн зæрдиаг арфæ ракодта **Сергей Меняйло** æма æ радзубандий фæббæрæг кодта, ахуради къабази идарддæри райрæзт ке ‘й нæ республики социалон-экономикон бундортæй тæккæ сæйрагдæр:

– Хуæрзгъæдæ, нуриккон домæнтæн дзуапп ка дæттуй, уæхæн еумæйаг ахурадæ райсунæн гъæуама уа еугур фадуæттæ дæр, е æй нæ фиццаградон нисантæй еу. Скъолай гъомбæладæ есунцæ нæ кæстæртæ. Æма цийфæнди аллихузон методикætæмæ гæсгæ ку косæн, уæддæр сæйрагдæр æй ахургæнæг, æ кустбæл æновуд ка ‘й, сувæллæнтти хе хъæболти хузæн ка рæвдауй, уæхæн адæймаг.

Ахуради къабази æцæг профессионалтæ ку коса, уæд нæ алли гъуддаг дæр исирæздзæнæй.

Архайдзинан, цæмæй алли ахургæнæг дæр райгонд уа æ кусти уавæртæй, æ миздæй, гъæуй мадзæлттæ агорун, цæмæй æригæнттæ разæнгард кæнонцæ æма æхсицгонæй æвзаронцæ аци гъæугæ дæсниадæ.

Республики Сæргълæууæг æхсицгонæй куд фегъосун кодта, уотемæй анзи кæронмæ не скъолати ке фæззиндзæнæй 1848 нæуæг бунати, 66 скъолай цалцæггонд æрцæуудзæнæнцæ, сæ фулдæр цæттæ уодзæнæнцæ 1 сентябрмæ, иннетæ ба – анзи кæронмæ. Æма бафæдзахста, цæмæй ахургæнгутæ сæхуæдтæ дæр сæ цæстæ даронцæ арæзтадон-цалцæггæнæн куститæмæ.

Сергей Меняйло фегъосун кодта, хæстæгдæр рæстæг ахуради къабази материалон-техникон ефтонгади, ахурадон æма гъомбæладон нæуæг косæндæнтти арæзтади, скъолати лæггæдти хуæрзгъæдæдзийнади æнаййепдæр кæнуни гъуддæгути ци арæзт æрцæудзæнæй, етæ.

Нæ республики ахуради къабази косгутæн видеобастдзийнади фæрци арфæ ракодта Уæрæсей Федераций рохсади министр **Сергей Кравцов**.

Конференций сæйраг доклади хæццæ радзубанди кодта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий ахурадæ æма науки министр **Алибегти Эллæ**.

Бони фæтки фарстатæбæл сæ гъудитæ, сæ феппайуйнæгтæ загътонцæ æма фæндæнттæ бахастонцæ ахуради къабази разамонгутæ, фæлтæрдгун специалисттæ æма эксперттæ.

### Зæрдæбæлдаруйнаг бон

13 августи 1942 анзи





**Николай МАЗИН**, 1940-1944 æнзти партий Цæгат Иристони обкоми æма Орджоникидзей горкоми фиццаг секретарь: «Хъæбæр федарæй зæгъæн ес, еци æмбурдæн агъазиау ахедундзийнадæ адтæй, немуцаг-фашистон лæборгутæ Дзæуæгигъæуи райони, уæдта æнæгъæнæ Цæгат Кавкази дæр дæрæнгонд ке ‘рцудæнцæ, уоми. Е исразæнгард кодта Цæгат Кавкази еугур адæмти дæр...»

## АРД БАХУАРДТОНЦÆ КАВКАЗИ АДÆМТÆ...

Устур Фидибæстон тугъди тæккæ уæззаудæр рæстæги, 1942 анзи сæрди тæссаг иссæй Цæгат Кавказæн дæр. Немуцаг-фашистон æрдонгтæ еци лæборæги тундзтæнцæ ардæмæ, цæмæй ардигæй ба баййервазтайуонцæ Фæскавказмæ æма сæ къохи бафтудайуонцæ уоми æрдзон гъæздугдзийнæдтæ, уæлдайдæр ба Бакуй нефти индустри. Уомæн ба нецихузи æруадзæн адтæй...

Еци фудрæстæги Цæгат Кавкази адæмти минæвæрттæ æрæмбурд æнцæ Орджоникидзей фашистон митингмæ. Æма уоми нифсгунæй загътонцæ: кæд æма нæ сахъ фурттæ тугъди будурти уодуæлдайæй тох кæнунцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ, уæд мах, сæ хеуæнттæ, ихæсгин ан ами, нæ райгурæн зæнхæбæл знагæн карз нихкъуæрд раттун, мæлæтдзаг цæфтæй æй дæрæн кæнгæй, ардигæй фæссорун.

Митинг арæзт æрцудæй, Медбæстон тугъди рæстæг æригон Советон республики нихмæ тохгæнæг Деникини æрдонгтæ ци 17 мин сурхæфсæддоней, командирей, политкосæгей æма сурх партизаней гъезæмарæй рамардтонцæ, уони Æнсувæрон цирти размæ. Уомæ гæсгæ митинги архайгутæн сæ соми адтæй: еци æдзард тугъдонти хузæн Советон бæсти сæрбæлтау æновуддзийнадæ бавдесун немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи...

Аци антифашистон митинги ахедундзийнадæ æ рæстæги хъæбæр агъазиау иссæй. Уой фæдбæл æрмæг мухур кæнæн 4-5-аг фæрстæбæл. Уой хæццæ ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма аци историон ахсгиаг цаубæл 80 анзи ке исæнхæст æй, уой цæмæдæр гæсгæ не ‘ргъуди кодтонцæ, уомæй ихæсгин ка адтæй, етæ дæр æма нæ дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæ дæр. Гъæугæ ба кодта, уомæн æма абони дæр уавæр уæхæн æй, æма си тæссагдзийнæдтæ æгæр исберæ ‘нцæ, уомæ гæсгæ ба Цæгат Кавкази адæмтæ гъæуама æрбатумугъдæр уонцæ, еумæйагæй, æмзунд-æмвæндæй сæ райдзастдæр исонибонбæл архайунæй ихæсгин ке ‘нцæ, уой рæстзæрдæй унаффæгонд уонцæ.

***Æрæги Цæгат Иристони - нур фарæстæймаг хатт арæзт бабæй æрцудæй, æхсæндуйнеуон наукон-практикон форум «Картофи муггаг: инновацион технологитæ æма нæуæг пайдайаг хузтæ. Архайдтонцæ си Уæрæсей дууинсæй регионей, уæдта Сомех æма Гурдзий минæвæрттæ.***



## ЦУБУРДЗУРДÆЙ...

– Нæ республики фондз медицинон косæндони хæстæгдæр рæстæг райдайдзæнæнцæ бундорон цалцæги куститæ. Цалцæги куститæ цæудзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи 1-аг поликлиникæй (бундорон цалцæги фæсте уоми фæззиндзæнæнцæ стационарон рентген-аппарат æма маммограф), 7-аг поликлиники (нæуæг компьютерон томограф æма маммограф), Рахесфарси райони Центрон сæйгæдонæ (стационарон рентген-аппарат æма флюроограф) æма æндæр медицинон организацити. Дууæ медицинон косæндони æйийвд æрцæудзæнæнцæ тауæггурдæттæн системитæ (еци куститæбæл харзгонд æрцæудзæнæй 5,8 миллион сомей бæрцæ).

**ТЕБИАТИ Сослан,**
**Цæгат Иристони æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр.**



Уæрæсей Президент Владимир Путин 2022 анзи 15 августи ци Указ бафинста, уомæй нисангонд æрцудæй кадгин ном «Мадæ-бæгъатæр». Унаффæ мухургонд æрцудæй барадон информаций официалон интернет-портали. Укази куд загъд ес, уотемæй, дæс æма уомæй фулдæр сувæллони ка ниййардта æма исгъомбæл кодта (уой хæццæ, сæ еугурдæр гъæуама уонцæ Уæрæсей Федераций граждæнтæ), уомæн лæвæрд цæудзæнæй кадгин ном «Мадæ-бæгъатæр». Уомæй уæлдай, уæхæн кадгин ном кæмæн исаккаг кæнонцæ, еци мадæн еухаттон финансон агъази хузи лæвæрд цæудзæнæй еу миллион соми.



Национ театрти аллианзон еугуруæрæсеуон фестиваль аци хатт арæзт æрцæудзæнæй Цæгат Иристони сæйраг сахари. Аци исфæлдистадон æрхаст кадгин уавæри байгон уодзæнæй Петербурги театр «Балтийский дом»-и спектакль «Душечка»-йæй. Фестивали иннæ бæнтти иристойнаг аййевадæуарзгути се 'сфæлдистади хæццæ зонгæ кæндзæнæнцæ Башкирий, Кæсæг-Балхъари, Дагестан æма иннæ регионти театралон коллективтæ. Кæронбæттæн бон ба равдесдзæнæнцæ театри цæмæдесагдæр спектакльтæй еу «Сотворившая чудо».

## ХУАРЗ ХАБАР – НИФСДÆТТÆГ!..

«Республики Парламент æма муниципалитетти минæвæртти æмбурдти депутатти, уæдта еуæй-еу цæрæн бунæтти администрацити сæргълæугути æвзаргæй, 10 æма 11 сентябри республики арæнтæй æндæр рауæн æвзарæн участоктæ игонгонд не 'рцæудзæнæй.

Еумæ райсгæй, æвзурстити рæстæг (гъома, 10 æма 11 сентябри) республики косдзæнæнцæ 335 æвзарæн участокки. Уонæй уæлдай, байгон уодзæнæнцæ 19 æвзарæн участокки дæр (уонæй 17 æрбунæттон уодзæнæнцæ медицинон косæндæнтти, 1-ахæстдонæ æма 1-æфсæддон хаййи).

***

**Нæ республики бонигъæди æгæр тæвдæ рæстæгутæ ке ралæудтæнцæ, уой фудæй зингæ фулдæр агурд цæуй Тагъд агъази службæ – сутки дæргъи ардæмæ æрбадзоргути бæрцæ исхъæртуй 700 уæнгæ. Тухст фулдæр æййафунцæ, зæрди æма тогдадзинти незтæ кæмæ ес, уæдта сæ тоги æлхъивдадæ æгæр бæрзонд кæмæн æй, етæ.**

**Дууæ сахарей – Дзæуæгигъæуи æма Ялти разамонгутæ бафинстонцæ 2022-2024 æнзти дæргъи æмгустади туххæй бадзурд. Еци рæстæг кæрæдзей хайгин кæндзæнæнцæ, цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради, ахуради, культури, туризми æма спорти си кæмæ ци фæлтæрддзийнадæ ес, уомæй.**

**Æрæги Уæрæсей Федераций Хецауади æмбурди исарази 'нцæ Дагестан, Цæгат Иристон æма Мæхъæлæн æхцай фæрæзнитæ энергетики æма цæрæн-коммуналон кустуæтти æнæфæккеугæ райрæзти туххæй Хецауади фæстауæрци фондæй æхцай фæрæзнитæ радех кæнунбæл.**

***

Цæгат Иристони скъоладзаутæн фæззиндзæнæй сентябрæй фæстæмæ республики театртæмæ лæвар цæуни равгæ. Уой хæццæ ба ма син гъæуама фæззинна уæхæн барæ иннæ социалон-культурон рауæнтæмæ цæунæн дæр. Уой фæрци парахатдæр кæндзæнæнцæ ахурадон гæнæнтæ.

***

**Аци анзи кæронмæ Цæгат Иристонæн 13 социалон объекти арæзтадæн федералон бюджетæй дехгонд æрцæудзæнæй 35 миллион соми. Уой фæрци районти гъæутæй кæцидæрти арæзт æрцæудзæнæнцæ медицинон, культурон, социалон къабази æма æндæр ахсгиаг косæндæнттæ.**

***

Транспорт æма нæдти инфраструктури республикон Комитети сæрдар Солити Тариэли загъдмæ гæсгæ, цæмæй Дзæуæгигъæуи æхсæнадон транспорти куст фæййахедгæдæр уа, уой туххæй гъавунцæ аци анз 300 маршрутон хуæдтолги, æхсæнмуниципалон маршруттæн ба 190 хуæдтолги исамал кæнун.

***

**Цæгат Иристони арæзтади министрадæ 200 миллион соми радех кæндзæнæй ахурадæ æма науки министрадæн, капиталон цалцæггонд ци скъолатæ цæунцæ, уони гъæугæ косæн дзаумæуттæй æнæгъæнæй дæр исефтонг кæнунæн.**



## ТЕРРОРИЗМИ НИХМÆ ТОХИ ЕУМÆЙАГÆЙ АРХАЙУН ГЪÆУЙ...

***Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло ин разамунд лæвардта, уотемæй æрæги адтæй терроризми нихмæ Къамиси æма Оперативон штаби еугонд æмбурд.***

Республики Сæргълæууæги агъазгæнæг **Олег Баранов** æ радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй терроризмæй бустæги тæссаг кæми æй, уотемæй ба æ нихмæ мадзæлттæй æнхæстæй пайдагонд кæми нæ цæуй, еци рауæнти дзуапдæттæг бæрнон косгути хæццæ дзубанди рауадæй.

– Æма уомæй етæ бæлвурд хатдзæгтæ искодтонцæ, – загъта О. Баранов. – Нуртæккæ цæттæгонд цæунцæ æдасдзийнади паспорттæ дини косæндæнттæн. Етæ хаунцæ Дзæуæгигъæуи епархимæ. Байзадæй ма дини цуппар косæндони, кæнунцæ си реконструкци кенæ сæ нæуæгæй аразунцæ. Аци анзи фиццаг июли уæнгæ сæ объекттæн паспортизаци ка не 'скодта, еци астемæй нуртæккæ цуппар цæттæ кæнунцæ се 'дасдзийнади паспорттæ.

Сергей Меняйло æмбурди æ радзубандий бауайдзæф кодта, объектти разамонгутæ терроризми фудракæндтитæй багъæуай кæнуни туххæй домæнтæ ке не 'нхæст кæнунцæ, уой фæдбæл:

– Закъонмæ гæсгæ ци æнгъезуй, уомæ гæсгæ си гъæуй дзуапп агорун, карздæрæй домун, сауæнгæ административон бæрнондзийнади уæнгæ. Суагъæ куд амонуй, уотемæй гъæуама республики еугур сæйраг объекттæн дæр исцæттæ кæнæн æдасдзийнади паспорттæ.

Ахури нæуæг анзи рæстæг ахуради косæндæнттæ терроризмæй багъæуай кæнуни фарстабæл дæр рауадæй лæмбунæг дзубанди. Æдасдзийнади домæнтæн дзуапп куд дæттунцæ, уой туххæй радзурдта Национ гвардий республикон управлений хецау **Валерий Голота**. Æ дзубандимæ гæсгæ, аййепдзийнæдтæ исбæрæг кодтонцæ Мæздæги æма Рахесфарси районти:

– Нуртæккæ сæ райеуварс кодтонцæ, тæссагдзийнади кънопкитæ сæмæ фæззиндтæй. Еугур косæндæнттæ терроризми нихмæ мадзæлттæй цæттæ 'нцæ, гъæугæ домæнтæн дзуапп дæттунцæ. Фегъосун кæнуни хизæгтæ, видеоцæстдарди равналæнтæ сæмæ косунцæ, гъæуайгæнгутæ еудадзугдæр æнцæ сæ бунæтти.

Устур æргом раздахтонцæ, рæхги æвзурстити гъæлæс кæнуни Еумæйаг бæнтти адæми æдасдзийнади фарстатæмæ, уæдта Беслæни бæлахбæл æстдæс анзи ке æнхæст кæнуй, уой фæдбæл æма Аланибæл Исаргъуди бæрæгбони рæстæг ци мадзæлттæ арæзт цæудзæнæй, уонæми æдасдзийнади гъуддагмæ. Валерий Голота куд фæббæрæг кодта, уотемæй медгъуддæгути Министради хæццæ еумæ фæффулдæр кæндзæнæнцæ патрулон-пости къуæртти бæрцæ:

– Етæ дзиллон мадзæлтти рæстæг æхсæнадон фæткæмæ сæ гъос дардзæнæнцæ. Фæдздзордзинан ма хецæн адæймæгути гъæуайгæнæн кустуæттæмæ, адæмон дружинитæмæ, Терки хъазахъаг æфсадмæ. Кинологти агъазæй рæмодзæн æрмæг исбæрæг кæнуни мадзæлттæ аллирауæн дæр искæндзинан... Цидæриддæр гъæуй, еци мадзæлттæ уотæ арæзт æрцæудзæнæнцæ, æвзурститæ дæр, Имисæн бæнттæ дæр æма Аланибæл исаргъуди бæрæгбон дæр æнæ бæлæхтæй конд æрцæудзæнæй.

## ТУХГИН ÆФСАДИ ФÆРЦИ ÆДАС ÆЙ НÆ ФИДИБÆСТÆ

Раздæр ма куд игъосун кодтан, уотемæй 18-21 августи Дзæуæгигъæуи цæудзæнæнцæ дуйнеуон æфсæддон-техникон форум «Æфсад-2022»-й мадзæлттæ.

Форуми фæлгæти Цæгат Иристони цæргутæ æма республики иуазгутæн уодзæнæй 58-аг æфсади æма æндæр тухи ведомствити техники тæккæ нæуæгдæр хузæгти хæццæ базонгæ уни, уæдта æндæр цæмæдесаг равдиститæ æма фембæлдтити архайуни фадуат.

Форуми организацион комитети куд радзурдтонцæ, уотемæй æртæ боней дæргъи косдзæнæй республики кустуæтти продукций равдист-армукъа, республики исфæлдистадон коллективтæ æма хецæн артисттæ исуодзæнæнцæ концертти архайæг. Форуммæ æрбацæуæг адæмæн исараздзæнæнцæ аллихузон конкурстæ æма еристæ.

Æфсæддон техникæ æма хуæцæнгæрзти равдиститæ, уæдта форуми иннæ тематикон фæзтæ косдзæнæнцæ 10 сахаттемæй 19 сахаттей уæнгæ. Исфæлдистадон коллективти концерттæ ба цæудзæнæнцæ 11 сахаттемæй 14 сахаттей уæнгæ.

Форуми мадзæлттæ райдарддæр уодзæнæнцæ 20 августи.

21 августи – форуми кæронбæттæн бони – мадзæлттæ райдайдзæнæнцæ 10 сахаттебæл, 14 сахатетбæл ба райдайдзæнæй форум исæхгæнуни фæдбæл кадгин æмбурд.

«Æфсад-2022»-й мадзæлттæ цæудзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи Хъесайфурти гъæунги фæлладуадзæн тæлми Терки билгæрон.



***Америкаг ахургæндтæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй, еудадзугдæр минкъий мизд ка есуй, уонæн сæ зæронди кари сæ гъуддаг уæлдай зингæдæр фæллæгъуздæр уй. Уой хæццæ ба ма уонæмæ ахиддæр фæззиннуй депресси, гипертони æма æндæр незтæ.***



# ТУХСТ АДÆЙМАГ УРУНГÆЙ ИСДЗОРУЙ...



ИТАЛИЙ тæккæ хорадзастдæр сахар Милани æхсæнадон рауæнти тарæрфугæй фæззиннунбæл æвæрд ес тобæ. Юридикон æгъдауæй федаргонд фæткæ хъæбæр рагон æй, фæззиндтæй XIX æноси, сахари австрийæгтæ ку хецауеуæг кодтонцæ, уæд. Æма, зиани фæдбæл хъонцгæнгутæ кенæ сæйгитæй уæлдай, еугурейдæр ихæсгин кæнуй, цæмæй æнæмæнгæ идзулонцæ. Аци закъон ка фехала, етæ ба гъæуама иваргонд цæуонцæ. Раст зæгъгæй, уæхæнæй нерæнгæ нецима æрцудæй.

Аци æнахур хабар уомæ гæсгæ æримистан, æма нур, зæгъæн, уæхæн закъон махмæ дæр ку фæззиннидæ æма æнæгъæнæй дæр æнхæстгонд ку цæуидæ, уæд уæрæсейæгтæн, æвæдзи, сæ фулдæрейфулдæр иваргонд цæуиуонцæ æма бæсти къазнамæ ба хъæбæр берæ æфтуйæгтæ цæуидæ. Уотæ цæмæн зæгъæн? Ракæсайтæ уæ алливарс æма си берæ фæууиндзинайтæ игъæлдзæгхуз адæм?.. Фулдæр – сагъæсхуз, мæтæйдзаг. Уомæн æма абони цардарæзти уавæртæ уоййасæбæл зæрдрохсгæнæг нæ 'нцæ. Уæдта исонибони фæххуæздæр уодзæнæнцæ, зæгъгæ, дæр ни не 'руагæс кæнуй.

Зæгъæн, дзиллон цæстингас æртасгутæ куд исбæрæг кодтонцæ, уотемæй æрфарст уæрæсейæгтæн æдеугурæй сæ 22 процентемæн сæ мизд син фагæ кæнуй æнæмæнгæ гъæугæ гъуддæгутæн. Етæ 'нцæ информацион технологити специалисттæ, хомаг амалгæнæн къабази косгутæ, компанити уæлдæр менеджмент. Æрфарст адæмæн сæ 39 процентемæн, сæ сæйраг кусти ци улупа есунцæ, е нæ фагæ кæнуй бундорон хæрзтæн, 38 процентей загъдмæ гæсгæ ба тухамæлттæ кæнунцæ. Æхцайæй нæхъæртонтæ фулдæр æвзарунцæ хумæтæг косгутæ, медиктæ, культури къабази косгутæ… Уогæ аци номхигъд æгæр даргъ дæр ма рауайдзæнæй. Æрфарст адæмæн сæ 47% куд загътонцæ, уотемæй, ци æхца сæмæ æфтуйуй, уой фулдæр харз кæнунцæ хуæлцади продукттæбæл, цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæбæл…

Нæкæси, цæрæнуатон-коммуналон лæггæдтæбæл федунæй уæрæсейæгтæ ци ихæстæ дарунцæ, уони бæрцæ иссæй 804,5 миллиард соми. Цæй фудæй, е бæрæг æй – адæми дзиллон мæгурдзийнадæ. Никки: еци лæггæдти æргътæ æнæбауорамгæ ирæзунцæ, хæдзари гъæугæ дзаумæуттæ, хуастæ æма цардиуагон техникæ хъæзарæй-хъæзардæр кæнунцæ…

Адæм сæ æгудзæгдзийнади фудæй æведауцæдзийнадæ дæр сæ сæрмæ хæсун байдайунцæ. Давун нæ адæммæ алкæддæр æгадæ миуæбæл нимад адтæй. Уой туххæй нæ рагфидтæлтæй нæмæ берæ зундгин зæгъдтитæ æрбахъæрттæй. Уонæй еу – «Давæггагæй раст лæг æхе нæ цуъумур кæнуй…» Фал уоййасæбæл тухст уавæри ку бафтуйа æма ин æндæр гæнæн ку нæбал уа…

Социалон хабæрттæмæ гæсгæ тукæнттæй дæвдтитæ фæффулдæр æнцæ 18% бæрцæ. Ахиддæр давунцæ кондитерон хуæруйнæгтæ (еугур дæвдтити 19%), къалбæстæ (16%), карз ниуæзтæ (14%), цихтитæ (13%).

Менеджертæ социалон хизæгти куд финсунцæ, уотемæй нуртæккæ давунцæ алцидæр, давунцæ фулдæрæй-фулдæр. Æма никки фуддæр уодзæнæй, социалон-экономикон уавæртæ нæмæ ку нæ фæххуæздæр уонцæ, уæд…

Гъо, адæми цардиуаги уавæртæ фæххуæздæр кæнуни фæдбæл нæмæ цидæртæ арæзт цæуй. Зæгъæн, Цæгат Иристони федаргонд æрцудæнцæ регионалон проектти 46 паспорти, кæцити фæрци гъæуама фæббæрзонддæр уа адæми царди хуæрзгъæдæдзийнадæ.

Уæхæн проекттæ ке ес, е бæргæ хуарз æй, фал сæ ахедундзийнадæ гъæуама уæхæн уа, цæмæй адæймагæн дæттонцæ равгитæ æхе хъаурæ æма арæхстдзийнади фæрци æ карни хабæрттæ аразунæн.

… Нæ рагфидтæлти зæгъдтитæй еу уæхæн æй: «Тухст адæймаг урунгæй исдзоруй…» Сæ дзурдмæ ин гъæуама ка байгъоса, е ба имæ ку нæ байгъоса, уæдта си æведауцæ миутæ дæр рауайуй. Дзиллон хабархæссæг фæрæзнитæй беретæ æрæги куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй еу силгоймаг æ фуртингунæй сæ сахари мэрбæл фехста гъунахуæрд басмахъ. Æ маст ба уой фæдбæл адтæй, æма силгоймаг цæруй цæрунæн æвадуат хæдзари, зæрдæ ин бæргæ байвардтонцæ нæуæг цæрæнуат раттунæй, фал æй æртæ анзей дæргъи расайæ-басайæ кæнунцæ. Æма сахари мэрæн цæргути хæццæ ци фембæлд адтæй, уоми æ зæрди ристæй бæргæ райдæдта дзорун мэр æма губернаторæн, фал, куд балæдæрдтæй, уотемæй етæ сæхе негъосæг искодтонцæ. Æма уæд силгоймаг нæбал ниббухстæй… Хуарз æма æ басмахъи фехст ин фæррæстмæ 'й – уæди уæнгæ ин «нæйиес-нæйиес» ка кодта, етæ ин дуккаг бон райирдтонцæ заманай дууæуатон фатер…

Аци хабар уомæ гæсгæ нæ ракодтон, цæмæй ни алкедæр, æ гъуддæгутæ ин хецауеуæггæнгутæй ка нæ аразуй, уонæбæл сæ къахидарæс кенæ æндæр цидæртæ æхсонцæ. Гъæуама адæми 'рдигæй дæр æма хецаудзийнади 'рдигæй дæр кæрæдзей лæдæрундзийнадæ уа – корæг лæдæра, æ курдиадæ исаразунæн гæнæнтæ ес æви нæ, хецаудзийнади 'рдигæй ба ин афойнадæбæл дзуапп лæвæрд æрцæуа, æ курдиадæ кæд æма кутемæйти æнхæстгонд æрцæудзæнæй, кæд си неци рауайдзæнæй, уæдта ин лæдæрунгонд æрцæуа, цæй фудæй…

Кæронбæттæни ба ма уой зæгъуйнаг ан, æма нæ рæстзæрдæ дзилли æнæгъæнæй дæр фæндуй, цæмæй нæ цардарæзти фулдæр цæуа уæхæн хабæрттæ, кæцитæй нæ еугурдæр зæрдрохсдæр уодзинан, нæ алфамбулай еугурей цæсгæнттæ дæр рохсгонд уодзæнæнцæ цийнæ æма амондæй…

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Рагонбердзейнаг финсæг Эзопи æмбесæндтæй. Цæветтонгæ, домбай базæронд æй, æрсæйгæ 'й, æ лæгæтæй рацæунгъон нæбал адтæй. Робасæй уæлдай имæ сирдтæ еугурæйдæр сæйгæфæрсæг цудæнцæ.*

*Берæгъ уæд робасмæ цæмæндæр мæстгун адтæй æма ибæл домбаййи рази даутæ имисун байдæдта: сирдти паддзахи, дан, нецæбæл нимайуй, æма, дан, уомæ гæсгæ не 'рбацудæй.*

*Раст дин еци рæстæг робас дæр ку фæззиннидæ æма берæгъи дзубандитæ ку райгъосидæ. Домбай ибæл ку фæтътъæлланг кæнидæ. Робас си хатир ракурдта æма æхе рæститæ кæнунбæл фæцæй.*

*– Ами ка æрæмбурд æй, уонæй дин мæнæй устурдæр агъаз еске ракодта? Кæд дин ести хуасæбæл фæххуæст уинæ, зæгъгæ, кæми нæ балæудтæн, еу уæхæн бунат нæбал байзадæй. Берæ дохтирти æма хуасæгæнгути фæффарстон, æма бустæги фæстагмæ мæ къохи бафтудæй уæхæн хуасæ базонун.*

*Домбай æй фæрсуй, циуавæр хуасæ 'й, зæгъгæ.*

*– Гъæуама берæгъæн æ цар растъегъай æма 'й пæлæзи хузæн дæ уæле æритауай…*

*… Ци адтæй æма куд адтæй, фал робас берæгъи зæнхæбæл мардæй ку фæууидта, уæд билæскъелæ худт бакодта:*

*– Паддзахи галеу зундбæл ку ардауай, уæд уотæ дæр рауайуй…*

***

Æма уæхæн берæгътæ абони ба минкъий ес нæ алфамбулай царди? Уæлдайдæр ба политиктæ æма хецауеуæггæнгути 'хсæн. Гъо, сæ кæрæдземæн цийфæнди дæр кæнæнтæ. Фал сæ еци «медтохи» ка фæууæлахез уй, еци робæстæ, не 'хсæнади гъуддæгутæ кæми аразгæ 'нцæ, еци бунæтти ку 'рбадунцæ, уæдта еци берæгъи цау махбæл, хумæтæг адæмбæл æрцæуй, – нæ цар нин уодæгасæй æстъегъун байдайунцæ.

**Андрей КОНЧАЛОВСКИЙ, режиссер: «Америкаг тæвагæ, кæци Европæбæл æндзæвуй æноси æрдæгæй фулдæр, нур ба æрбахъæрттæй махмæ дæр…»**



Æма ке фудæй? Фиццагидæр, Кончаловскийæн æхе хузæнтти фудæй. Нæ бæстæй фæсарæнтæмæ фæлледзгæй, уоми, æвæдзи, уоййасæбæл неке гъудæнцæ æма хулуй данкъати хузæн фездахтæнцæ æма бабæй ами, Уæрæсей унаффæгæнæг иссæнцæ, нигулæйнаг «уодварнон хæзнатæ» размæ тæргæй нин нæ фидибæстон културæ фæскъумтæмæ батардтонцæ.



**Александр СЕРГЕЕВ, Уæрæсей наукити Академий президент: «Абони Уæрæсе æй дуйней еунæг уæхæн бæстæ, кæцими размæцуд наукæ уогæй, минкъийæй-минкъийдæр кæнуй наукон æртасæнти бæрцæ. Иннæ бæстити ба – ирæзуй…»**

Гъе уомæ гæсгæ, алцидæр, мауæнгæ кæддæр нæхемæ æнтæстгинæй ке кодтан, уæхæн дзаумæуттæ дæр фæсарæнти æлхæнæн. Гæрр, нæ ахургæндтæ уотæ æнæискурдиадæгин æнцæ, æма сæ бон нæй нæ бæстæн пайдахæссæг гъæугæдзийнæдтæ æргъуди кæнун? Æви сæ хъоргæнгутæ ес? Кæд нæ наукæ нæ бæззуй, кенæ нæ нæ гъæуй, уæд, хъæбæр хъазарбæл нин ка ниллæууй, еци наукити Академи ба цæй туххæй дарæн? Кадæр хæрæг уотид уасунмæ куд дардта…

**Валерий СЕМЕНОВ, Федераций Совети иуонг: «Æргътæ Уæрæсей цæмæн ирæзунцæ? Уомæн æма фæсарæнти зингæ ирæзунцæ æргътæ, мах товаруадзгутæй ба кæмæндæрти сæ барæн нигулæн æргътæ 'нцæ…»**



Сенатори аци загъд ба уотæ балæдæрæн ес: нæ товаруадзгутæ уоййасæбæл хеваст æнцæ æма æргътæ æвæрунцæ куддæриддæр сæ фæндуй æма син куд пайдадæр уа, уотæ, æма син неке бон неци æй. Нæй лæдæрæн, паддзахади медæгæ цардарæзти закъонтæ Федераций Совет æма хецаудзийнадæ 'нцæ æви æдзæсгон базаргæнгутæ? Æви, адæми цардиуагæ фæххуæздæр кæнунбæл гъæуама ка архайа, уонæн пайдайагдæр уæхæн хедард?..

**АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..**

## «АМОНДАГОРÆГ ФÆЛЛАЙГÆ НÆ КÆНУЙ...»

*Уæхæн фæдзæхст нин нæ рагфидтæлтæй байзадæй. Раст æй аци гъуди, фал адæймаг, æхецæн амонд агоргæй, хуæст ибæл ку нæ кæна, уæд фæллайгæ дæр куд нæ бакæндзæнæй. Æма уой ба, æвæдзи, амондмæ ка бæллуй, уонæй хуæздæр неке зондзæнæй. Уой фæдбæл æхсæнадон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æртасгутæ нæ бæсти цæргутæмæ равардтонцæ уæхæн фарста: «Уæхе амондгунбæл нимайетæ?» æма ци дзуæппитæ фегъустонцæ, етæ рауадæнцæ мæнæ ауæхæн (процентæй нимайгæй).*




**Зундгонд æфсæддон архайæг, инæлар-болкъон Суанти Николайи фурт Станиславбæл 21 августи æнхæст кæнуй æртиндæс æма æртинсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!..**

***Гвардий политрук ГАССИТИ Андрей хуæцæг æфсадæй финста: «Цæгат Кавкази адæмти минæвæрттæ сæ еумæйаг æмбурди ци фæдздзурд исфедар кодтонцæ, е бæлвурдæй равдиста нæ фидтæлти бæгъатæрдзийнади традицитæ нерæнгæ дæр ма ке цæрунцæ кавказæгти зунди æма зæрдити. Еци***



Аци рауæн 1942 анзи 13 августи арæзт æрцудæй Цæгат Кавкази адæмти минæвæртти антифашистон митинг. Уæд си аци циртдзæвæн нæма адтæй – е æвæрд æрцудæй 1957 анзи августи.

Митинг кæми арæзт æрцудæй, уоми нур æвæрд ес номбæлдарæн дор.

# АРД БАХУАРДТОНЦÆ КАВКАЗИ АДÆМТÆ...

## «НÆ АДÆМТИ БАСÆТТУН НЕКÆД НЕКЕ БОН БАЦÆЙ ÆМА НÆ БАУОДЗÆНÆЙ!..»

Цæгат Кавкази адæмти антифашистон митинг байгон кодта **Василий Книга** – Цæгат Кавкази зæнхæбæл немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тугъдтити хъазауатонæй архайæг, кавалерион дивизий командир.

Василий Книга æ радзубандий уотæ загъта:

– Æмбæлттæ, æнсувæртæ æма хуæртæ! Цæгат Кавкази æма Дагестани адæмтæ, сабур Дони, аййев Кубани, æмбохгæ Терки хъазахъæгтæ, Хъумухъи æма Стъараполи адæмтæ!

Мах æрæмбурд ан ами, Кавкази хуæнхтæмæ исхезæни, нæ Райгурæн бæсти уæззау сахат. Советон адæмти знаг – гермайнаг империализм æрбагæлста нæ нихмæ немуцæгти, финнæгти, венгриæгти, итайлæгти æма румынæгти абæргути æрдонгтæ. Къуар европаг паддзахади бастъегъгæй æма сæбæл æфсойнæ исæвæргæй, немуцаг-фашистон абæргутæ сæхе ниццавтонцæ махбæл, цæмæй фесафонцæ мах устур бæстæ æ сахарти хæццæ, гъæути хæццæ, станицити хæццæ, æ агъазиау адæмти хæццæ.

Нæ нихмæ цæуй, æгириддæр æгъдау æма адæймаги менеугутæ кæмæ нæййес, уæхæн цъамар, æгъатир знаг. Еци уавæр исæвзурдæй нæ уарзон райгурæн Цæгат Кавкази дæр. Немуцаг абæргутæ балæгæрстонцæ Дон æма Кубанмæ. Нур æмпурсунцæ Терк æма Сунжæмæ, сæ бæттæнтæ тонунцæ нæ нефтмæ, нæ бæркадмæ, нæ фонси æргъæуттæмæ. Танкитæй, хуæдтæхгутæй, дзармадзантæй, автоматтæй хуæрзефтонг æрдонгтæ гъавунцæ мах басæттунмæ æма ни цагъайрæгтæ исаразунмæ. Уомæн уæн некæд ес!..

Нæ адæмти басæттун некæд неке бон бацæй æма нæ бауодзæнæй!.. Нæ адæмтæ кæддæриддæр кадгинæй рацæунцæ цийфæнди зин уавæрæй дæр. Етæ цитгинæй рацæуодзæнæнцæ гермайнаг фишизми хæццæ тугъди зин фæлварæнæй дæр.

Знаг æмпурсуй Кавкази хуæнхти рæбунмæ. Æма ами, Дон æма Терки астæу, гъæуама иссера е ‘гадæ кæрон.

Æнæфæккеугæй, æндонæй гъæуама ниддæрæн кæнæн нæ цифуддæр знаги. Немуцаг кæд хийнæйдзаг æма гадзирахат æй, уæддæр мах ба гъæуама уæн уомæй никки хийнæйдзагдæр æма ибæл фæттухгиндæр уæн. Мах гъæуй æнгондзийнадæ, гъæунцæ нæ федар уагæ, æндон æгъдау.

Советон Кавкази æма Дагестани, Дони, Кубани, Терки æма Сунжи еугур адæмтæ, Хъумухъи æма Стъараполи дзиллитæ гъæуама еу адæймаги хузæн æрлæууонцæ фашистон æстъегъгути нихмæ, медбæстон тугъди хъазауатон рæстæг нæ уæди знæгти нихмæ куд æрлæудтан, уотæ.

Тугъдон æмбæлттæ, циргъ кæнетæ уе ’хсаргæрдтæ! Уадзæ, е ба знаг балæдæра, не ‘хсаргæрдтæ нæ джигитти æма хъазахъæгти къохти цæйбæрцæбæл æгæрон тухгин мастесæг тохæнгарз æнцæ, уой. Уадзæ, æма сæ сау тог æ хъури фæббада!..

Æмбæлттæ! Мах æрæмбурд ан, медбæстон тугъди рæстæг Советон цардарæзт Цæгат Кавкази æрфедар кæнуни тохи ка фæммард æй, еци 17 мин тугъдоней Æнсувæрон цирти размæ. Етæ сæ цард равардтонцæ мах амонди, нæ Райгурæн бæсти кади, фæллойнæгæнæг дзиллити амондхæссæг Советон цардарæзти сæрбæлтау. Æма нæ е ихæсгин кæнуй уони хузæн уодуæлдайæй истох кæнун нæ Фидибæсти нури знæгти нихмæ.

Фашистон абæргути хæццæ мæлæтдзаг тохмæ æрлæугæй, мах ард хуæрæн нæ æдзард æмбæлтти цирти рази, знаги ке бауорамдзинан, ке ниддæрæн кæндзинан æма ‘й нæ зæнхæй ке фæссордзинан, уобæл.

* * *

Митинги ма радзубанди кодтонцæ Дагестани адæмон артисткæ, лезгинаг зартæгæнæг **Рагимат Гаджиева,** Рагуджайи гъæуккаг авайраг, Дагестани АССР-и Сæйраг Совети депутат **Абдурахман Даниялов**, Цæгат Иристони АССР-и Дигори райони Николаевскийи станици цæрæг **Лидия Любченко**, Ростови облæсти фæллойнæгæнгути депутатти Совети депутат, хъазахъаг **Михаил Горшков**.

Дагестани адæмон поэт **Абуталиб Гафуров** ба æ радзубандий уотæ загъта:

– Æрра куйтæ устур къуæрттæй ниххæррæтт ластонцæ мæ дессаги Райгурæн бæстæмæ, мæ райгурæн Кавкази хуæнхтæмæ, – загъта Абуталиб. – Фал куйтæн куййи мæлæт. Уой алкедæр зонуй. Æма еци адзал иссердзæнæнцæ нæ хъазарæй уарзон Фидибæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæборæг немуцаг-фашистон куйтæ.

Æма ма бакастæй, уой туххæй ци нæуæг æмдзæвгæ ниффинста, уой:

*Собаки прут со всех сторон*
*И нас хотят съесть.*
*Но пропасть слышит псиный стон.*
*И надо же им лезть?..*
*На шею ищет Гитлер жгут.*
*О, жгут у нас есть!*
*Таких мы вешаем на сук!*
*Такая уж им честь.*

## «ДÆРÆН КÆНДЗИНАН НЕМУЦАГ-ФАШИСТОН ХЕЛÆГУТИ, ЦÆМÆЙ СИ ЕУНÆГ ДÆР МАБАЛ БАЙЗАЙА!..»

Митинги архайгутæмæ зæрдтагон дзубандийæй фæдздзурдта Медбæстон тугъди æновуд архайæг, Цæгат Иристони Сæйраг Совети депутат **Дзæрæхохти Хаджиморат**:

– Æз, зæронд партизан, дзорун сумахмæ, партизантæмæ æма Медбæстон тугъди архайгутæмæ, сумахмæ, Сурх Æфсади тугъдонтæмæ, сумахмæ, советон фæсевæд. Фæсарæйнаг æрбалæборгутæ æма уорсгвардионти нихмæ тугъдтити байстан сæребарæдзийнадæ æма амонд. Кæд хъæбæр уæззау уавæрти адтан, уæддæр нæ нихмæ тохгæнгути ниддæрæн кодтан.

Уæлахез æнцонæй некæд æнтæсуй. Мах къохи дæр е бафтудæй хъазауатон тохи. Советон Райгурæн бæсти сæрбæлтау тохи не ’мбæлттæй беретæ фæгъгъудæнцæ, фал уæддæр нæ нисанбæл исæмбалдан.

Мах, зæронд партизантæ æма Медбæстон тугъди æфсæддонтæ, тох кодтан Цæгат Кавкази, Астрахани будурти, Ростови æма Орели бунмæ, идард Цæгати, Ленингради. Сурх Æфсади турусати бунмæ цудан кæрæй-кæронмæ. Нуртæккæ тæссаг сахатти, фашистон лæборгутæ Кавказмæ ку æмпурсунцæ, уæд мах зæгъæн: нæуæгæй бабæй исбаддзинан нæ бæхтæбæл, нæ къохтæмæ райсдзинан циргъ æхсаргæрдтæ æма æрлæудзинан адæмти цифуддæр знæгти нихмæ.

Мæнæ абони ци сахари рæбуни æрæмбурд ан, уоми æ рæстæги цудæнцæ, фæсарæйнаг æрбалæборгути æма уорсгвардионти нихмæ ка байеу æй, Цæгат Кавкази еци адæмти съездтæ. Ами 1918 анзи тох кодтан немуцаг оккупантти æма се ’мхузæнтти нихмæ. Уæд етæ гъавтонцæ нæ дессаги бæстæ, нæ æригон Советон паддзахадæ ниххорх кæнунмæ. Махæй ба гъавтонцæ пъамещиктæ æма капиталисттæн цагъайрæгтæ исаразун. Мах син еумæ равардтан карз нихкъуæрд, еумæйагæй тох исамадтан æндагон лæборгути æма уорсгвардионти нихмæ.

Æз дæн зæронд партизан. Берæ æнзтæ мæбæл рацудæй. Фал нерæнгæ ма мæ хъаури дæн, æма, немуцаг тухгæнгутæ, фегъосдзинайтæ Хадзиморати ном! Зæронд партизантæ фæстæмæ некæд ледзунцæ! Гъæуама фæсевæд дæр уомæй мах бафæнзонцæ.

Тохæнгарз хæссун ке бон æй, уонæн сæ еугуремæ дæр æй мæ фæдздзурд, цæмæй æрлæууонцæ Райгурæн бæстæ гъæуайгæнгути рæнгъити, цæуонцæ Сурх Æфсад-

*фæдздзурд разæнгард кæнуй мах, Сурх Æфсади тугъдонти, æнæуинон знаги нихмæ никки нифсгундæрæй цæунмæ.Æз ме 'мзæнхонтæн, Цæгат Иристони фæллойнæгæнгутæн дзурд дæттун: знæгти нихмæ уотæ тох кæндзæнан, цæмæй, ци гæнæн уа, уомæй си фулдæр ниццæгъдон...»*



мæ æма партизанти къуæрттæмæ. Дæрæн кæндзинан немуцаг-фашистон хелæгути, цæмæй си еунæг дæр мабал байзайа мах рохс ковæндони хузæн советон зæнхæбæл! Рацотæ тохмæ, Медбæстон тугъди партизантæ, байеу уæн æма рампурсæн знаги нихмæ.

## «ÆРУОРАМДЗИНАН ЗНАГИ ÆМА ИН Е 'РДОНГТÆ НИДДÆРÆН КÆНДЗИНАН!..»

Митинги ка радзоридæ, етæ еугурæйдæр сæрустурæй ракой кæниуонцæ, уæд кавказаг адæмти минæвæрттæй тугъди будурти знаги нихмæ æхсаргинæй ка тох кодта, уони æскъуæлхтдзийнæдти туххæй. Уомæ гæсгæ митинги архайгутæ уæлдай цийнæгæнгæй исæмбалдæнцæ, намусгин тугъдонти номæй радзорæг Советон Цæдеси Бæгъатæр **Милдзихти Хадзимурзæ**. Еци рæстæг е уæззау цæфи фæсте æ райгурæн зæнхæбæл адтæй. Æ радзубандий ба уотæ загъта:

– Æмбал хуæнхæгтæ æма хъазахъæгтæ! Мах медбæстон тугъди рæстæг дæр æмзунд-æмвæндæй еумæ тох кодтан Советон цардарæзтбæл. Абони никки федардæр кæнæн нæ тохи еудзийнадæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ Устур Фидибæстон тугъди фронтти.

Махæн нæ еугуремæн дæр цæстисиндзæ æй нæ еумæйаг знаг – гитлерон Германий фашистон куйтæ. Уонæмæ нæ зæрдити ци æнæуинондзийнадæ куд карзæй-карздæр кæнуй, уотæ нæ уодти федарæй-федардæр кæнуй нæ хæлардзийнадæ. Æма сумах хæццæ еумæ, Советон бæсти еугур адæмти хæццæ, фæстаг исуолæфти уæнгæ тох кæндзинан гитлерон æрдонгти нихмæ.

Советон бæсти тугъдон, гъай-гъайдæр, уарзуй цард. Гъе фал царди сæрбæлтау ку багъæуй, уæд махæн æнæуинон æй мæлæт, æма рæстуодæй мæлæтдзаг тохмæ цæуæн знаги нихмæ.

Нуртæккæ, знаг Хонсармæ ку 'рбахъæрттæй, æ цъамар марг таугæ нæ уарзон Кавказмæ ку лæборуй, уæд гъæуама дууæ, æртæ хатти фæхъхъаурæгиндæр уæн.

Куд Сурх Æфсади тугъдон, уотæ зæгъун, мах ке бауорамдзинан æма ке ниддæрæн кæндзинан знаги. Хъæбæр хуарз æй лæдæрæн, махбæл, Сурх Æфсади тугъдонтæбæл, устур бæрнондзийнадæ æвæрд ке ес нæ фидтæлти, нæ мадтæлти, нæ бийнойнæгти æма нæ сувæллæнтти, нæ минкъий хуæрти æма æнсувæрти багъæуай кæнуни гъуддаги. Мах уæ нæ ратдзинан фашистон сирдтæн!..

## «ЕУЗÆРДИУОНÆЙ ИСИСТÆН НÆ РАЙГУРÆН ХÆДЗАРÆ ЦЪАМАР ЗНАГÆЙ БАГЪÆУАЙ КÆНУНМÆ!..»

Иристони силгоймæгти номæй радзурдта Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл педагогон институти доцент **Туати Ольгæ**:

– Цæгат Кавкази адæмти минæвæрттæ нæ еумæйаг гъуддаги фæдбæл æрдзубанди кæнунмæ æрæмбурд ан нæ Фидибæстæн уæззауæй-уæззаудæр рæстæг: немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ еци æррайæй тундзунцæ кавказаг нефтбæл, нæ хуæнхти гъæздугдзийнæдтæбæл, сугъзæрийнæ мæнæуæй идзаг гоморитæбæл, деденæггун колхозон рæзæдæнттæбæл фæхкуæст уни зæрдтæй. Немуцаг-фашистон адæймагхуарти къах кæмидæриддæр æрлæудтæй – аллирауæн дæр мæлæт æма дæрæнтæ, мæгурдзийнадæ æма гъезæмарæдзийнадæ.

Хуæнхаг силгоймæгтæ! Хъазахъаг силгоймæгтæ! Цифуддæр знаг томар кæнуй нæ сæребарæ гъæутæмæ æма станицитæмæ. Лæгхуартæ-гитлеронтæ нур ба сæ тогæйдзаг дзæмбутæ ивазунцæ Кавказмæ. Етæ томар кæнунцæ нæ хуæнхаг адæмтæй цагъайрæгтæ исаразунмæ. Фæндуй сæ нæ силгоймæгтæй пъамещиктæн æма баронтæн косгутæ искæнун. Етæ гъавунцæ хуæнхаг адæмти æносон рæсугъд æгъдæуттæй æма бартæй фæггириз кæнунмæ. Етæ тундзунцæ не 'фсармæ æма нæ сæрустурдзийнадæ нин æрнидæн кæнунмæ, цæмæй лæгмар Гитлери рази нæ уæраги сæртæбæл æрлæууæн.

Æмбæлттæ кавказæгтæ! Æнсувæртæ æма хуæртæ! Ами, æнсувæрон цирти рази, ард бахуæрæн знаги ниддæрæн кæнунбæл æма фесафунбæл! Кавкази адæмтæй цагъайрæгтæ нæ исараздзæнæнцæ, нæ гъæздугдзийнæдтæ нин нæ байсдзæнæнцæ! гæсгæ нæуæг æскъуæлхтдзийнæдтæмæ исразæнгард æнцæ, Цæгат Иристонæй Райгурæн бæстæ гъæуайгæнæг Сурх Æфсади рæнгъити ка тухтæй, етæ дæр. Уомæн æвдесæн æй, уонæй еци рæстæг Цæгат Иристонмæ ци берæ финстæгутæ цудæй, етæ. Тохæг æфсадæй фиццагидæр сæ гъудитæ ниффинстонцæ æртæ кизги – Карсанати О., Таучелти А. æма Б. Благородова: "Нæ фидтæлтæ æма нæ мадтæлтæ нæ фронтмæ ку фæндараст кодтонцæ, уæд нин бафæдзахстонцæ, знаги нихмæ тохи нæ бæгъатæр æма æхсаргин ун багъæудзæнæй æма æма уони бавдесунмæ куд исарæхсæн. Æма мах еци фæдзæхст исæнхæст кæндзинан, знаги нихмæ тохи федар фæллæудзинан, æдзæстхезæй æй дæрæн кæндзинан, æ муггаг бустæги искунæг кæндзинан!..»



Еугурæйдæр, еу адæймаги хузæн, исистæн нæ райгурæн хæдзарæ багъæуай кæнунмæ!

Куд нæ еугур рæстзæрдæ дзиллæн, уотæ махæн, наукон косгутæн дæр, æнæуинон æнцæ гъæддаг сирдтæ, инсæйæймаг æноси цифуддæр знæгтæ, уомæ гæсгæ нæ Райгурæн бæсти еугур фæллойнæгæнгути хæццæ еумæ нæ еугур хъауритæ дæр ратдзинан знаги ниддæрæн кæнуни сæрбæлтау. Æ нихмæ федарæй фæллæудзинан, еунæг къахдзæф дæр фæстæмæ нæ ракæндзинан!..

* * *

Митинги архайгутæ фæдздзурдтонцæ берæнацион Цæгат Кавкази цæргутæмæ: «Цæгат Кавкази адæмтæ! Гитлерон лæгхуартæн гириз кæнунмæ æма æстъегъунмæ нæ ратдзинан нæ цæрæн. Алли фадуæттæ дæр нин ес, цæмæй Сурх Æфсади хæццæ усхъæй-усхъæмæ цæугæй, еугур советон адæмти хæццæ еумæ фидтæлтиккон зæнхæ искæдзос кæнæн гитлерон куйтæй. Нæ рæнгъити гъæуама ма уа уæнгмæрдтæ æма тæрсагитæ. Уадзæ, æма цъæх арти хузæн содза не 'нæуинондзийнадæ цифуддæр знæгтæмæ – гитлерон æлгъист лæборгутæмæ! Еугурæйдæр фашистон абæргути нихмæ тохмæ!»

Фæдздзурди Цæгат Кавкази адæмтæй алке туххæй дæр сæрмагондæй финст адтæй берæ разæнгардгæнæг æма нифсдæттæг рæнгъитæ. Куд иннæ цæгаткавказаг адæмти, уотæ, Цæгат Иристони дзилли размæ дæр æвардта ахсгиаг æма цитгин ихæстæ: цæмæй, Медбæстон тугъди рæстæг Цæголти Геуæрги, Рæмонти Хадзимæт, нæ разагъди иннæ лæгтæ куд тох кодтонцæ нæ адæми райдзастдæр карни сæрбæлтау, уомæй сæ куд бафæнзонцæ; цæмæй Иристони номдзуд хъæболтæ, Советон Цæдеси Бæгъатæртæ Милдзихи-фурт, Карсанифурт, Цоколай-фурт æма Остъай-фурти хузæн дæрæн кæнонцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути...

Митинги туххæй хабæрттæ уайтæккæдæр фæхкæлеу æнцæ æнæгъæнæ бæстæбæл, фæннифсгундæр кодтонцæ айдагъ бунæттон адæми нæ, фал ма уонæмæ

## «НÆ ТУХÆ ÆМА НÆ НИФС ЗНАГ ÆХЕБÆЛ БАВЗАРДЗÆНÆЙ, МАХ ÆЙ Æ УÆРГУТÆБÆЛ ÆРЛÆУУН КÆНДЗИНАН!..»

**Алексей Устинов** ба хуæцæг æфсади рæнгъитæй исæрвиста мæнæ ауæхæн финстæг:

«Æз райгурдтæн Цæгат Иристони АССР-и Змейки станици. Нуртæккæ мæ дууæ æнсувæрей хæццæ ан фронти. Нæ Райгурæн бæстæ ке гъæуай кæнæн, уомæй ан сæрустур. Æз хъæбæр берæ уарзун ме станицæ, мæ Иристон. Уæхæн зæрдиуагæ æма зунд ес станици цæргутæй алкæмæ дæр, – уой æз хуарз зонун.

Æз æма мæ тугъдон æмбæлттæ устур æхсицгонæй базудтан, нæ дессаги сахар Орджоникидзей берæминон æмбурд арæзт ке 'рцудæй, уой. Æ архайгутæ устур нифсгунæй фегъосун кодтонцæ, еугур адæмти æнæуинон знаги нихмæ гъæддухæй ке тох кæндзæнæнцæ, уой. Мадта мах дæр, æмбурди фæдздзурдтæн дзуапп дæтгæй, хуæцæн никки гъæддухдæрæй. Нæ хъаурæ æма нæ нифс знаг æхебæл бавзардзæнæй, мах æй æ уæргутæбæл æрлæуун кæндзинан.

Мæ хъазар фидæ, мадæ, хуæртæ!

Æрветун уин тугъдон салам. Мæ номæй æхседгæ салам раттетæ ме 'мзæнхон хъазахъæгтæн. Æз седун ме 'мзæнхонтæмæ: иристойнæгтæмæ, кæсгæнттæмæ, хъазахъæгтæмæ, цæмæй никки хъæбæрдæр цæвонцæ немуци æма сæ соронцæ нæ зæнхæй. Знаги ма уадзетæ нæ уарзон станицитæ æма гъæутæ раууат кæнун æма содзун.

Мах гъæуй никки æнгондæр лæуун кæрæдземæ, æма уæд æмбохгæ Терк, сабур Дон æма урух Кубань исуодзæнæнцæ знагæн æ цирт.

Теркæгтæ, донæгтæ æма кубайнæгтæ, æримисетæ, нæ фидтæлтæ медбæстон тугъди рæстæг немуци куд цагътонцæ, уой. Знаги тæрнихбæл мастесæни хуæцæнгарз исæвæрæн...

## «УАДЗÆ, ÆМА КАВКАЗИ ЗÆНХÆБÆЛ ЗНАГ ИССЕРА Æ МÆЛÆТ!..»

**Мамукъати Константини (Гаппой) кизгæ Иринæ** ба ци финстæг исæрвиста, уоми уотæ загъд адтæй: «Æз газети бакастæн, мæ уарзон сахар Орджоникидзей Цæгат Кавкази адæмтæ фашизми нихмæ ци æмбурд исаразтонцæ, уой тухxæй. Райгурæн Кавказ багъæуай кæнунбæл æнсувæрон ингæни рази ци ард бахуардтонцæ, уой æз мæ зæрдæмæ хæстæг есун. Газет сæрустурæй æвдистон мæ тугъдон æмбæлттæмæ, дзурдтон син кавказаг адæмти бæгъатæрдзийнади тухxæй. Дзурдтон син федарæй, етæ сæхе цагъармæ некæд ратдзæнæнцæ, зæгъгæ. Æмбурди фæдздзурд газети кадæриддæр бакастæй, етæ мин еугурæйдæр арфитæ кодтонцæ. Беретæ си иристойнæгти тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæ зонунцæ æма уотæ зæгъунцæ, сумах хузæн адæмтæн басæттæн нæййес. Хъæбæр раст æнцæ!

Æз дæн зæронд партизан Мамукъати Соломони фурт Гаппой кизгæ. Мæ фидæй берæ хæттити фегъустон, Медбæстон тугъди рæстæг знæгти нихмæ етæ куд хуæстæнцæ, уой. Æма алкæддæр уой тухxæй фæдздзоруй сæрустурæй. Кæстæртæн бафæдзæхсуй, уарзетæ, дан, нæ сæребарæ цард. Нур Сурх Æфсади рæнгъити уогæй, хуæздæр лæдæрун райдæдтон мæ уарзон фиди дзурдти арф медес.

Ходуйнаг уодзæнæй махæн, нæ фидтæлтæ нин ци сæребарæ цард æрхастонцæ, уой, æма нæ райгурæн зæнхæ немуцаг куйтæн æма лæгхуартæн ку раттæн, уæд.

Тугъдмæ ку рараст дæн, уæдæй нурмæ рацудæй анзæй фулдæр. Æз ард бахуардтон, фæскомцæдесон ард мæ хъауритæ æма мæ цардбæл нæ ауæрдгæй, тох кæндзæнæн знаги нихмæ, зæгъгæ. Хе кой кæнун федауцæдзийнадæ нæй, фал уæддæр зæгъдзæнæн: фиди къæсæрбæл ци дзурд равардтон, уой æнхæст кæнун. Берæ хæттити барвæндонæй рандæ дæн сгарæгæй знаги фæскъилдунмæ. Мæхе цæстæй фæууидтон советон адæймæгути – зæронд лæгти, уостити, æригон биццеути æма кизгутти, сувæллæнтти немуцаг фашисттæ гъезæмарæй куд марунцæ, уой.

Ахид æрбаймисун устур тугъдон Суворови дзурдтæ: «Дæхуæдæг рамæлæ, фал де 'мбали фæййервæзун кæнæ». Е уæлдай хъæбæрдæр хауй махмæ, санитартæмæ. Тугъди будурæй цæф æфсæддони рахæссун устур кадгин гъуддаг æй. Райгурæн бæстæ гъæуайгæнæги ку фæййервæзун кæнай, уæд е уодибæстæ 'й. Цæф æфсæддонти тъуфулæй рахæссуни æма сæ дзæбæх кæнуни æма ма сгарунмæ цудтити тухxæй хуарзæнхæгонд æрцудтæн Сурх Турусай орден æма майдан «Тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти тухxæй». Фæццæф дæн... Мæ цæф исдзæбæх æй, æма бабæй нæуæгæй фронти балæудтæн.

Мæ хъазар æмзæнхонтæ! Кавкази бæгъатæрти æскъуæлхтдзийнæдтæ некæд феронх кодтон. Мæ хъазар хеуæнттæ æма æмгъæуккæгтæ, дзурд уин дæттун, тасдзийнадæ нецæмæ даргæй, цъамар знаги нихмæ тох кæндзæнæн Советон Цæдеси Бæгъатæр, хестæр сержант Милдзихти Хадзимурзи хузæн, мæ фидæ – зæронд партизани хузæн.

Æз райгурдтæн советон цардарæзтбæл тохи бæнтти, мæн исгъомбæл кодта советон догæ, æма абони, нæ еугуребæл дæр зин рæстæг ку искодта, уæд цæттæ дæн æдзæстхезæй мæ Советон Райгурæн бæсти сæрбæлтау удуæлдай тохмæ, сауæнгæ мæ цард дæр раттунмæ.

Мæ хъазар æмзæнхонтæ! Бæгъатæрæй гъæуай кæнетæ райгурæн Кавказ! Нæ фæсевæд! Знаги нихмæ тох кæнетæ, медбæстон тугъди рæстæг уæ фидтæлтæ æма уе 'нсувæртæ куд хуæстæнцæ, уотæ!

Цæгат Иристони бæгъатæр джигиттæ! Гъæуай кæнетæ советон зæнхи алли гæбазæ дæр! Уадзæ, æма Кавкази хуæнхти знаг иссера æ мæлæт...»

*Фаинæ РАНЕВСКАЯ (1896- 1984), номдзуд актрисæ: «Балæдæретæ ‘й æма багъуди кæнетæ: силгоймагæн æ зæрдирахаст аразгæ ‘й, нæлгоймаг имæ ци зæрдæ даруй, уомæй. Уой ка нæ лæдæруй, уомæн ба зæгъдзæнæн уотæ: силгоймаг цъамар нæй, е дæхуæдæг дæ ницæййаг...»*


УÆДАТИ Сулейман

***Хуæрзæрæги дуйней рохс фæууидта зундгонд юрист Уæдати Агубекири фурт Сулеймани финст радзурдти æмбурдгонд «Цард æма рæстдзийнадæ». Мухурмæ ’й бацæттæ кодта зундгонд поэт æма публицист Колити Витали. Ци раздзурд ин ниффинста, уоми уотæ зæгъуй:***

***«Æрдзæ адæймагæн ци искурдиадæ исаккаг кæна æ райгурцæй, уомæн, абони уа, исон уа, уæддæр еу афони æнæ разингæ нæ фæууй. Айдагъдæр еуетæн раздæр рабæрæг уй, иннетæ ба æ равдесунмæ фæццæунцæ дæсгай, инсæйгай æнзти æмдæргъци.***

***Исфæлдистади гъуддаг уотæ ’й æма ’й адæймаг фулдæр хатт æхуæдæг лæдæргæ дæр нæ бакæнуй, æ къохмæ пъеро æма гæгъæди куд райсуй, æгъудитæ нивæндун куд райдайуй, уой».***

***Абони уæ Уæдати Сулеймани киунуги хæццæ зонгæ кæнгæй, мухур кæнæн Колити Виталий финст раздзурд æма æмбурдгондмæ хаст ка ’рцудæй, уонæй еу радзурд.***




# ЦАРД ÆМА РÆСТДЗИЙНАДÆ



**КОЛИТИ Витали,**
**Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг**

*Уæдати Агубекири фурт Сулейман æ радзурдтæ еунæг анзмæ ниффинста, зæгъгæ, ку зæгъæн, уæд е бустæги раст нæ уодзæнæй. Сулейман газетмæ финсун райдæдта, хуæрз æригон ма ку адтæй, уæд – 50-аг æнзти райдайæни. Æрмæст етæ адтæнцæ хумæтæг уацхъудтæ æ райгурæн гъæу Лескени фæллойнæгæнгути æма сæ колхозон архайди туххæй. Ке зæгъун æй гъæуй, уонæми исфæлдистадон цæхæр уойбæрцæбæл нæма адтæй æма мæнæ кæсæги ести устур деси бафтауонцæ, зæгъгæ.*

*Разæй ма адтæнцæ, æ царди ци берæ къæдзал-мудзул нæдтæбæл рацæун æй институт, етæ Саратови юридикон институт æма барадæ гъæуайкæнуйнади оргæнти дæргъвæтийнæ æнзти куститæ.*

*Царди устур фæлтæрддзийнади хæццæ бавналдта Сулейман æ прозаикон уадзимистæ фæлундунмæ.*

*Аци æмбурдгонд кæсун ка райдайа, уомæ, гæнæн ес, æма радзурдтæ райдайæни æгъуз, æнæцæмæдесаг, фæлмаст фæккæсонцæ, фал е айдагъдæр фиццаг бакастæй уотæ зиннуй. Фиццаг бакаст ба алкæддæр сайагæ фæууй.*

*Сулейман дзæвгарæ рæстæгути фæккуста тæрхонгæнæгæй, берæ аллихузон уавæрти ка бафтуйидæ æ царди, æма æ фæстаг ба тæрхондонæмæ кæмæн бахауидæ, уони хъисмæт ниллух кæнун уидæ æ къохи. Алли радзурд дæр си æй, адæймаги цардæрфинст. Автор син фиццаг равдесуй, еци уавæрмæ сæ ци анхосæгтæ æркодтонцæ, уæдта сæ фæстаг цæмæ æрхауй, уони. Фулдæр рауæнти адæймаги цæрæццагдзийнадæ фæууæлахез уй æ трагизмбæл. Аци киунугæн исхонæн ес, психологи æнхæстæй кæми райхæлуй, уæхæн гъудити къубулойнæ. Автори бон бауй, нивналæн дæр æма никкæсæн дæр кæмæ нæ фæууй фулдæр хатт, адæймаги еци меддуйне раргом кæнун.*

*Сулейман, æ радзурдти архайгути уæхæн уавæртæмæ ци анхосæгтæ ‘ркæнунцæ, уоми син айдагъ сæхе нæ фудгин кæнуй, фал устур фуди уæзæ æвæруй, сæ алфамбулай æнæуодæй, æнæхъонцæй ци æхсæнадæ цæруй, уонæбæл дæр.*

*Куд гъæуама ранæхстæр уа, æ сабиййæй æ ралæппомæ еу фæккæсæг кæмæ некæд адтæй, еу фарсдарæг ка некæд банкъардта æ алфамбулай, еци сувæллон раст надбæл? – Фудгин æй скъола, фудгин æнцæ синхонтæ, фудгин æй æхсæнадæ, – уæхæн хатдзæгмæ æрцæуй фулдæр хатт автор. Æ зæрдæ ресуй нæ абони фæлтæри исонибонбæл, нæй фæндуй, цæмæй адæймаг фæснадмæ рахезгæй, цæрæнбонти гæлст куресау байзайа царди надгæрон, е, уомæ гæсгæ ба æ радзурдти фулдæреми рарæдуйæг фæстагмæ раст ханхæбæл ниллæууй æма æ тæрхонгæнæгæй арфиагæй байзайуй.*

*Аци киунуги радзурдтæмæ ма ес еу менеуæг. Цидæриддæр цаутæбæл си цæуй дзубанди, етæ ‘нцæ æцæг хабæрттæ, æнцæ цардæй ист, æримисæггагæй си неци ес. Уомæ гæсгæ æлхæнунцæ адæймаги зæрдæ, уой медæги æй сæ цæмæдесдзийнадæ.*

*«Тæрхон», зæгъгæ, уотæ исхудта æ еу радзурди сæргонд Уæдати Сулейман. Аци киунугæ ‘й авторæн æ фиццаг хецæн æмбурдгонд. Зæрдигонæй æй хæссуй уæ размæ æма ин тæрхонгæнæг ба сумах фæууотæ!*

# ÆНАМОНД КИНДЗÆХСÆВÆР

Сæрдигон рæфти, Пæрæтти гъæди ‘рдигæй, дæлбилæ дигорон гъæумæ æмпурстонцæ сау мегътæ. Уайтæккæ ставд æртæхтæ арвæрттивди хæццæ æрхуастонцæ зæнхæ.

Борæхани гъостæбæл æруадæй æ киндзи нæтун. Æнæзийнадæй раистадæй æ хуссæнæй æма дуар бахуайгæй, бахизтæй киндзи уатмæ. Балæдæрдтæй уавæр. Фæстæмæ фездахтæй Борæхан æма уайтæккæдæр бахуаста сæ синхон Фæрди хæдзари дуар.

– Фæрдæ, дæ хуарзæнхæй, рауайæ, æвгъæдгæс нæ киндзæн фæллæууæ,- курдта Борæхан.

Фæрдæ æ уæле цилле сæрбæттæн рæбаста æма уайтæккæдæр балæудтæй киндзи уати.

...Райгъустæй нæуæгигурди зæлланг кæун гъæлæс. Еу усми фæсте басабур æй æма æдзинæг цæстæй ракастæй рохс дуйнемæ.

Фæрдæ нæуæг хъумаци гæппæлти батухта нæуæгигурд сувæллони æма ’й æ мади реубæл бафтудта.

– Борæхан, нæртон сувæллон æй, Хуцау ин æ царди рохс нæдтæ амонæд. Тæходуй, аци сахъигурди Хуцау рæстмæ фæккæнæд. Хуарз нисан æй нæ фæххонунцæ. Борæхани фуртæн е адтæй фиццаг игурд.

Фондз боней фæсте Борæхан æма æ бийнойнаг æртæ къерей исцæттæ кодтонцæ æма сæ фингæмæ æрбахудтонцæ хеуонти, синхи уостити, хестæр лæгти. Уоститæ хецæнæй авдæнбæттæни гъуддаг кодтонцæ, лæгти, финги хестæр Инал ба гагидауæ уагъта:

– Хуцауи фæрци нæ нæуæгигурд куд исуа æрмарæхст, æдæрсон, æ ниййергутæн, хеуонтæн, нæ Райгурæн бæстæн лæггадæгæнæг. Æз ин дæттун ном – Хъазауат æма номæвæрæггаг исиста æ дзиппæй туман, ниввардта сæ фингæбæл.

Бæнттæ, мæйтæ, æнзтæ кæрæдзей æййивтонцæ. Хъазауат адтæй æхсæз æнсувæри æма еу хуæри хестæр. Ирæзтæй æнæзийнадæ, æгъдаугин, кæстæйрадæгæнæг биццеуæй. Хæдзари алли кустмæ дæр арæхстæй. Уодæнцойнæ адтæй æ баба, нана, ниййергутæн. Уарзта къуру гъæди дзæдурæдзауæн кæнун, фæрбуни кæсалгæ ахæссун, цæугæдони Хоранти дæлбилæ накæ кæнун. Зæрдиуагæй архайдта скъолай нæуæгдзаути рæнгъити.



Уой фæсте – фæскомцæдесон организаций кусти, адтæй æ секретарь.

Хъазауат лæмбунæг ахур кодта, иста хуарз æма хъæбæр хуарз бæрæггæнæнтæ. Адтæй хъæртæг, уодигъæдгун. Лæмбунæг игъуста ахургæнгутæмæ. Уæлдай тулæвастдæр ба адтæй бæлвурд предметтæмæ.

Кастæй аллихузон фæскъласон литературæ. Сæ гъæуи, скъолай, колхози цардæвдисти тухæй æ уацхъудтæ мухургонд цудæнцæ районы газет «Социалистон Дигорæ» æма республикон «Рæстдзинад»-и.

Æ зæрди хабæрттæ кодта, æ фарсмæ ци дæнцæн хæссуйнаг æмкъласон рæсугъд Мæдинæ бадтæй, уомæн. Хъæзауат æма Мæдинæ кæрæдзей уиндмæ бæллæнтæ кодтонцæ.

Еухатт ниййергутæн адтæй æмбурд. Къласи разамонæг, гъæуи фиццаг ахургæнгутæй еу – Ибрагим хъæбæр раппæлдтæй Хъазауат æма Мæдинæй. Сæ мадтæлтæ ба бадтæнцæ сæрбæрзондæй фæрсæй-фарсмæ. Ефстагмæ кæрæдземæ бакæсиуонцæ ходæнбилæй.

Хъазауати зæрдæ Устур Фидибæстон тугъди райдайæни тар кодта. Æхецæй зинна-нæзинна хестæрти фæммарди гæгъæдитæ цæун райдæдтонцæ æ райгурæн гъæумæ. Сæргубурæй æ бæнттæ æрвиста. Æ ахур дæр æй æстæймаг къласи нæбал тавта.

Исфæндæ кодта барвæндонæй Сурх Æфсади рæнгъитæмæ бацæун. Æ фæндæ балæдæрун кодта сæ бийнонтæн.

– Советон адæм æмзæрдæй сæ цард нæ уæлдай кæнунцæ тохи æнæуинон немуцаг фашистон æрбалæборæг, тугъдæндзарæг æрдонгти нихмæ. Куддæриддæр дæ фæндуй, уотæ кæнæ, мæ къона, – загъта Хъазауатæн æ баба.

Хъазауат фæннифсгун æй. Æгайтима сæ бийнонти хестæр зæрдарф дзубанди кæнуй Сурх Æфсадмæ цæунбæл. Фал райони æфсæддон комиссар нæ арази кодта æ рарветунбæл.

– Æнагъонæй æфсадмæ не ’рветæн. Еу рæстæг багæдзæ кæнæ, – загъта æфсæддон комиссар, ахур бал кæнæ. Фал Хъазауат нæ гæдзæ кодта. Еу сæумæ ба ин комиссариати афицер æ къохмæ равардта фæдздзурд æртæ боней æмгъудмæ. Райони центр æма Хъазауати гъæумæ адтæй æстдæс километри. Рæуæг къахæй уайтæккæдæр æрбахъæрттæй сæхемæ æма раппæлдтæй æ хабар.

Хъазауат еци изæр разилдæй æ лимæнтæбæл. Балæдæрун син кодта æ уавæр. Дуккаг бон сæ хæццæ Хоранти дæлбилæ нихъулдтонцæ сæхе фæрбуни – кæсалгæ ахæстонцæ. Изæрдалингти Хъазауат бабæрæг кодта æ фидикъабæзтæ, Мæдинети синхон Мисорæти, Мæдинæ дæр уоми уогæй, фæххебарæ ’нцæ.

– Исон сæумæ цæун Сурх Æфсади рæнгъитæмæ барвæндонæй. Мæ бон нæбал æй фæрсæй немуцаг-фашистон æрбалæборгутæмæ кæсун.

Мæдинæ баходæзмолæ кодта.

– Дæуау гъæддух лæг гъæуама уоми уа, – ходæндзаст каст бакодта Хъазауатмæ.

Хъазауат сæумæцъæхæй райгъал æй, æ фарсмæ къелабæл нæуæгæхснад туйæвæрд хъæппæлтæ.

Æртикъахуг фингæбæл Хъазауати фиди фидæ ракувта:

– Фæндараст уо, мæ къона, тæссаг идард надмæ цæугæй. Æруагæс ни кæнуй, ке нæ нæ фæффудæнгъæл кæндзæнæ, е.

Уайтæккæ сæ колдуари рази фæллæудтæй бæхуæрдун. Бадтæнцæ си æмгъæуккæгтæ Тазæрет, Барис, Ибрагим. Уонæмæ бакъахдзæф кодта се ’мбæлццон Хъазауат дæр. Сæхеуонти ’рдæмæ кæсгæй, æ къох тилдта фæндарастгæнгутæмæ. Минкъий уæлдæр син сæ над, цума барæй, уотæ еу надсодзæг ралух кодта.

Устур хедигъосмæ ку исхъæрттæнцæ, уæд бæхтætæрæг цæмæдæр гæсгæ баурæдта æма æзини биццеутæ æдзинæг кастæнцæ сæ уарзон фæрбунмæ. Еци сахат колхозон электрон станци ‘рдигæй урдугмæ æртъæбæртт кодта Мæдинæ æма Хъазауати къохи фæссагъта цилле хъумацæй фийсæрфæн къохмæрзæн æ кæрæнттæ ба – хизæгонд. Æ медæгæй ба нистауæн: «Фæндараст. Уæлахезхæссæгæй исæздæхæ. Дæхе Мæдинæ».

***Иван КРЫЛОВ (1769-1844), финсæг: хеуарзондзийнадæ адæм æрдзæй рахæссунцæ. Е син унаффæ кæнуй сæ сабийбонтæй фæстæмæ сæ алли гъуддаги дæр. Æма син цæмæй еци незæй сæ рæдудтитæ исраст кæнай, уой туххæй тæккæ хуæздæр мадзал – ци илгъаг айиеппити уацари ‘нцæ, уонæбæл син ходæ, хормæ сæ хæссæ...»***

Хъазауат нибба кодта къохмæрзæнæн æма ’й æ медæггаг дзиппи бафснайдта.

Еци бон районi æфсæддон комиссариатæй Хъазауати æма е ’мбæлццонти рарвистонцæ бæхуæрдунти Æрæдони æфсæддон æмбурдгæнæн пунктмæ. Дууæ мæйей фæсте ба сæ рарвистонцæ æхсæг æфсадмæ. Æ тугъдон нæдтæ райдæдтонцæ Мæздæги буни. Сæребарæ кодта æнæуинон знæгтæй Адæгъе, Краснодар. Уой фæсте ба тугъд цудæй Украини, Фæсбалтики.

Хъазауат хуарз лæдæрдтæй, æ хъисмæт цард æма мæлæти æхсæн ке ‘й, фал некæд кодта иронх, Фидибæстæ адгин ке ‘й, уой, æма уомæн цудæй размæ цæхæрмæ.

Хестæр сержант Хъазауат зудта тугъдон сосæгдзийнæдтæ. Балæдæрдтæй: «Бæгъатæр еу хатт мæлуй, тæппод ба – аллибон дæр. Знаги размæ æз мæ уæргутæбæл æрлæууни бæсти райсдзæнæн мæлæт».

Аци дзурдтæ хестæр сержант Хъазауати зæрди уагътонцæ нифс, æхсарæ, уæдта æнæуинондзийнадæ тугъдæндзарæгмæ. Тогкалæн тох кодта Хъазауат е ’фсæддонти хæццæ, Ригæмæ æмпурсгæй. Ами фæцæй уæззау æнæтогцæугæ цæф. Æхемæ ку ’рцудæй, уæд аллирдæмæ ракæсæ-бакæсæ кодта, æ гъостæбæл уадæй æнахур æвзагбæл дзубанди, гъæуайгæнгути гъæр, куйти рæйд. Батулдтонцæ ‘й æрдæгæмбæрзт сарамæ.

Хъазауатæн райдæдтонцæ æ уацари гъезæмари бæнттæ. Мæдини зæрдæбæл даруйнаг лæвар æ бунати ке ‘й, уой исбæрæг кодта. Еу æхсæвæ сæлфунæг кæнун райдæдта. Хъазауат æвдулдæй цъифи. Уацайрæгтæй æй кадæртæ бахастонцæ сор рауæнмæ. Цæмæйдæрти æй бамбарзтонцæ, уæдта имæ сæ цæстæ дарун райдæдтонцæ, сæ комидзæгтæй ин фæххай кæниуонцæ, цидæр хуастæй дæр имæ фæккæсиуонцæ.

Куддæр-муддæртæй æ кеми æрцудæй Хъазауат.

Æнахур идард, зæгъæн ес, иссерæн кæмæн нæбал адтæй, уæхæн фæккастæй Хъазауатмæ æ райгурæн бæстæ, знагмæ уацари ку бахаудтæй, уæд. Синдзин тели рæнгъитæ лагерь гъæуайгæнгути пулеметтæ æма автоматтæ, æргъуди кæнунæн дæр зин уогæ нæдтæ, кедæр æндæр æвзæгтæй дзорæг адæмти зæнхитæ... Алли рауæн дæр лæудтæнцæ гестапо, жандармти æма бунæттон пъæлици къардонтæ... æма, æппунфæстаг, знаги æфсæдтæй идзаг, фронтмæ хæстæг зæнхи уаццаги фæстаг километртæ, уой фæсте ба – дууæ дуйней содзгæ арти пеллонæй рахецæнгæнæг фарс. Куд бахеза æ сæрти исфудхуз угæй, æнæхъаурæ, фудæфхуæрдтитæ баййафæг ахæст адæймаг?

Цæйбæрцæ æгæрон нифси нæсæттондзийнади, арæхстдзийнади æма хийнæдзийнади тухтæ уа адæймагмæ, цæмæй фæуууæлахез уа еугур цæлхдортæбæл дæр еци таси æма мæлæти надбæл. Фал кæд еугур идард адтæй райгурæн бæстæ, уæддæр æ домагæ дзурд азæлдæй Хъазауати зæрди. Кумæдæриддæр æй ласта знаг, аллирауæн дæр е игъуста æ Райгурæн бæсти хонæг гъæлæс. Æма Хъазауат лигъдæй алкæцæй дæр, хъисмæт æй кумæдæриддæр багæлдзидæ, уордигæй. Æрахæссиуонцæ ’й, уæддæр лигъдæй, зудта, æ маргутæй уодхаргæнгæ мæлæт ке райсдзæнæй, уой дæр, уомæн æма Фидибæсти фæдздзурд тухгиндæр адтæй сауæнгæ цæруни бæллеццæй. Тохи æнæхусгæ нифс худта ахæст Хъазауати фурфæллад бауæр еци нади æнæкæрон фудæвзарæнти.

Нæ сурхæфсæддонтæ пурхæгæнгæ тардтонцæ знаги Советон зæнхæй. Европи паддзахæдтæ уæгъдæ кодтонцæ, немуцаг тухгæнгути дзæмбутæй, бахауæг адæмæн саребарæ хæсгæй. Уæгъдæгонд æрцудæй, Хъазауат фæстаг хатт ци зиндони лагери адтæй, е дæр. Берæ мингай уацайрæгтæ, аллихузон æвзæгтæбæл арфæ кодтонцæ Советон уæлахездзаутæн.



Хъазауат бахаудтæй æфсæддон сæйгæдонæмæ. Ами ’й æрæййафта Уæлахези рохс бон дæр.

Хъазауат æнæсахъатæй исаздахтæй æ минкъий райгурæн бæстæмæ. Дуккаг изæр фембалдæй Мæдини хæццæ. Кæрæдзебæл фæттабедзæ кодтонцæ, уæдта Хъазауат æ медæггаг дзиппæй исиста Мæдини зæрдæбæлдарæн, цилле хъумацæй фийсæрфæн къохмæрзæн, æ хурфи ба æ нистауæн æма ’й бавдиста Мæдинæмæ.

– Мæнæ дессаг! Нæ дин фесавдæй?

– Мæхе хæццæ фесавдайдæ, – адтæй Хъазауати дзуапп.

Абони-исон нæ кæнгæй, Хъазауатæн райдæдта, сабур цæрди фæллойнадон над кустбæл æрхун ци къохтæ кодтонцæ, уонæмæ райсти къæпе æма рацудæй сæ колхози будурмæ нартихуар æхсæдунмæ. Куста æнæ фауæй. Адтæй тиллæги кустгæнгути раззагдæртæй еу. Æ кой райгъустæй айдагъ гъæуи нæ, фал райони дæр.

Еу изæр имæ фæдздзурдта колхози сæрдар Сослан, е дæр тугъдон адтæй. Дууæ æмтугъдон лæгей æхсæн рауадæй æмсæр, æргом дзубанди.

– Æртиккаг бригади фæллойнадон æгъдау ниллæг æй. Фæстеуат кæнунцæ будуйрон куститæ. Колхози правлений фæндуй, ду, алдзæн, кустуарзон лæхъуæн, бригадæн разамунд дæхемæ ку райсисæ. Хъазауат расагъæс кодта æма загъта:

– Æз арази дæн.

Уотæ райдæдтонцæ Хъазауати фæллойнадон нæдтæ æ райгурæн гъæуи. Хуссæг æй нæбал ахæста, æнæхуссæг фæцæй. Аллихузон гъудитæ æ сæри игурдæнцæ. Ахид фембæлидæ кустуарзондæр æма кадгиндæр колхозонти хæццæ.

Еу уолæфæн бони фæдздзурдта бригади раззагдæр колхозонтæмæ æма баунаффæ кодтонцæ бригади уавæр цæхгæр фæххуæздæр кæнунбæл.

– Исаразун гъæуй звенотæ карæмæ гæсгæ. Мах, кустгъон хестæрти, фæндуй хецæн звеной нартихуари куст кæнун, – загъта æ радзубандий 80-анздзуд Сафаралий.

– Нæ бригади ес финддæс фæскомцæдесони, уæдта æнæцæдесон фæсевæд дæр. Мæнмæ гæсгæ, хуарз уайдæ фæскомцæдесон – фæсевæдон звенотæ исаразун. Фæсевæди фæндуй зæнхикуст кæнун, – бахаста æ фæндæ æригон колхозон Губе дæр.

– Мадта силгоймæгтæ дæр кæмæй лæмæгъдæр ан, мах дæр аразæн звенотæ, – дзурдта æригон, фал фæлтæрдгун зæнхкосæг Азау.

Хъазауат лæмбунæг игъуста бригади активи фæндитæмæ. Сæ вазуггиндæрти æхемæ финста. Дуккаг бон фембалдæй колхози сæрдар, партион организаций æма фæскомцæдесон комитети секретарти хæццæ. Сæ еугур дæр хуарзбæл банимадтонцæ Хъазауати бригади унаффæ. Адæми фæндæмæ гæсгæ арæзт æрцудæнцæ звенотæ. Алли звенойæн дæр хайгонд æрцудæй хумзæнхæ. Ка ци тиллæгæрзадбæл косдзæнæй, е дæр бæрæггонд æрцудæй. Зуймон мæйти ластонцæ хумзæнхитæмæ гъæцæнтæ, ахур кодтонцæ бæрзонд тиллæгæрзади агротехникæ. Аци гъуддаги устур хъæппæрес рæвдиста фæскомцæдесон машинæ – тракторон станций сæйраг агроном Тасолтан.

Рагуалдзæг МТС-и трактористтæ хуæрзгъæдæ хумæ бакодтонцæ бригади зæнхитæ. Гъæдæварс ба бахумæ кодтонцæ галтæй. Байтудтонцæ æфсергун хуар, нартихуар, нийиаразтонцæ картоф. Сæ хумзæнхитæ адтæнцæ Дæлбордони, Донхуарæги, уæлмæрдти коми, Кæсæни сæри. Тиллæг афойнадæбæл цудæй хуарз гъудгонд. Бригади звеноти ‘хсæн рапарахат æй социалистон ерис. Алли косгæ бони дæр фæскуст хигъдхæссæг Мæхæмæт бæрæг кодта ерисдзаути куст. Будуйрон стани сæбæл дзурдта Хъазауат дæр.

Еу бон фæсарæфтæ Хъазауат саргъи бæхбæл æревгъудæй, Мæдинæ хигъдхæссæгæй ци бригади куста, уобæлти. Фембалдæй Мæдинæбæл. Фæххебарæ ’нцæ.

– Мæдинæ, мæ цард неци адæ кæнуй æнæ дæуæй, – исдзурдта Хъазауат.

– Мадта æз дæр уотæ ку дæн.

– Æрветун дæмæ минæвæрттæ.

– Мах сæ байуазæг кæндзинан.

Еу мæйи фæсте ба, уалдзигон бони, дигорон устур гъæуи Хъазауатети тургъæй фæндури зæлтæ райгъустæй фæндурдзæгъдæг Гæзæуони къохти æрдзæфи хæццæ.

Хъазауатети хæдзарæ адтæй гъæуи сæйраг гъæунги. Уобæлти цудæнцæ гъæдикустгæнæг заводтæмæ еу инней фæдбæл хуæдтолгитæ, берæ бæлццæнттæ. Еци алæмæти гъазтмæ æрлæууиуонцæ, зæрдæ ирадæй кафтмæ, симдмæ кæсгæй. Гъæуи уæди æгъдаумæ гæсгæ лæхъуæнтæмæ хонæг нæ уидæ. Къуæрттæй æрбацæуиуонцæ. Рæнгъæгай лæудтæнцæ. Кафтонцæ, зардтонцæ, симдтонцæ. Ниуазгæ нæ кæниуонцæ.

Берæ зæрдиаг гагидæуттæ уагъд æрцудæй еци киндзæхсæвæри. Фал ибилис фæттухгиндæр æй.

Уæди æгъдаумæ гæсгæ киндзæхсæвæри сиахс еу къуар æмбалей хæццæ фæццæуй æ кайиестæмæ. Хъазауат æ къуари хæццæ изæрдалингти лæудтæй фæсгæрон. Кедæр ма хизтонцæ. Æвеппайди сæ рази фæллæудтæй рæуæг автомобиль. Цидæр гæбар-губур си игъустæй. Уæдта си рагæпп кодтонцæ æртæ милиционери æд автоматтæ æхстæввонгæй. Гурумухъхузи сæ еу исдзурдта:

– Ка уи æй Хъазауат?

– Æз!

– Муггаг, ном, фиди ном?

Хъазауат фарстатæн лæвардта æмсæр дзуапп. Иннæ дууæ ба ин райахæстонцæ æ къохтæ æма сæбæл æрфедар кодтонцæ æфсæйнаг къохдарæн, уæдта ’й басхустонцæ автомобили фæстаг бадæнмæ, æ фæрсæй-фарсмæ ба дууæ милиционери, Хъазауати къохтæбæл хуæцгæй.

Уайтæккæ райгъустæй Хъазауати устур æверхъау хабар. Киндзæхсæвæри уæвгутæ къускъус кодтонцæ, фал æргомæй дзорун ба уæд адтæй тæссаг. Адæм мæтъæлдзастæй хæлеу кæнун райдæдтонцæ. Æбуалгъ цауæй фæцæнцæ зæрдæзмæлд.

– Уанæбæрæг ци адтæй, ци æрцудæй, уæхæн лæхъуæни æ киндзæхсæвæри нийиахæссун, – сæ меднимæр гъуди кодтонцæ адæм.

Еу къуæре Хъазауат фæцæй æдасдзийнади министради райони хайади, уæдта ’й бакодтонцæ слестгæнæгмæ. Е цидæр гæгъæдитæ рахатæ-бахатæ фæккодта, уæдта зулун каст бакодта Хъазауатмæ.

– Ду знагмæ уацари адтæ?

– Гъо.

– Æвзаг хастай знагмæ сосæггай косгæй, советон фидибæстæбæл еузæрдиуон уацайрæгтæбæл?

– Нæ хастон. Æз знагмæ сосæг косæг нæ адтæн. Е хахур æй.

– Хуарз. Æстудтай капиталистон бæстити адæми цард?

– Некæд. Мæнæн мæ райгурæн бæсти цæрунæй хъазардæр неци ес.

– Мадта цæмæ фæсмон кодтай, нæхемæ ке исæздахтæ, уобæл?

– Е дæр æй фудкой, – дзуапп равардта Хъазауат.

– Бафæрсæн ес?

– Ес. Бафæрсæ.

– Уæддæр мæ мæ киндзæхсæвæри цæмæ нийиахæстайтæ?

– Фидибæстæ ка уæйæ кæна æма советон цардæвæрдбæл цъифæ ка кала, уомæн киндзæхсæвæр нæ фæууй.

Иннæ бон ба Хъазауати бахъæртун кодтонцæ республики сæйраг сахари ахæстдонæмæ. Бакодтонцæ ’й æнæрохс, уомæл, еунæгбунатон камерæмæ. Хъазауат райдæдта ехæнрезæ кæнун, фал æртиккаг бон фæддзæбæхдæр æй. Цалдæр боней фæсте имæ фæдздзурдта слестгæнæг. Хъазауат æхе дардта, куд æвуд, уотæ.

– Дæ фудраконддзийнæдтæбæл басæттæ, е ба цæргæ байзайай.

– Æз уарзун мæ советон райгурæн бæстæ æма уой нихмæ фудраконддзийнадæ нæ бакодтон. Æз фудгæнæг нæ дæн.

– Мадта мæнæ тогтæрхонон гъуддаги гæгъæдитæ дæу нихмæ ’нцæ, фудгин дæ кæнунцæ.

– Етæ еугурæй дæр хахур æнцæ, – æнæзæрдæдзоргæй, æнæгузавæй, - федарæй дзуапп равардта Хъазауат.

– Æз æрветун дæу нихмæ гъуддаг тæрхондонæмæ.

– Барæ уæхе. Æз фудгин нæ дæн. Дауæ мæбæл кæнунцæ.

– Мах æууæндæн, дæу фудкæнæнтæ ци большевик фегъосун кодта, уобæл.

Хъазауат æвдиста æведзуг хъаурæ. Æхе дардта æвал – æведисæй.

***(Уодзæнæй ма.)***

**Æртиндæс æма æхсæзинсæй анзей размæ (1889 анзи 16 августи) Пятигорски игонгонд æрцудæй циртдзæвæн М.Лермонтовæн. Уой фæдбæл арæзт мадзали е ‘мдзæвгæ номдзуд поэти туххæй бакастæй Хетæгкати Къоста.**

*Рабиндранат ТАГОР (1861-1941), Индий дзурддзæугæ лæг: «Алли наци дæр гъæуама æ еугур медхъауритæ равдеса æнæгъæнæ дуйней размæ. Кæд дуйнейæн неци раттунгъон æй, уæд е ба гъæуама нимад æрцæуа национ фудракæндæбæл. Е мæлæтæй фуддæр æй, æма ин адæмти истори неци хузи нибба‌рдзæнæй...»*



Сергей Меняйло форум «Машук»-и Цæгат Иристонæй архайгути хæццæ.

# НИФСГУНÆН Æ ИСОНИБОН – ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆДÆР!..

СЕРГЕЙ МЕНЯЙЛО сæрмагондæй фембалдæй Цæгат Иристони делегаций иуонгти хæццæ. Се 'мхецдзийнадæ рауадæй фарстатæ-дзуæппити хузи. Республики Сæргълæууæг куд загъта, уотемæй форуммæ е 'рбацуди сæйрагдæр нисанеуæг æй, нæ республикæй си ци фæсевæд архайуй, уони фарсмæ балæуун, фæнnифсгун æма сæ фæрразæнгарддæр кæнун. Сæ хæццæ дзубанди кæнгæй, загъта:

– Хъæбæр сахъ фæсевæд айтæ. Æма æндиуддæрæй тундзетæ, ци нисан кæнетæ æма цæмæ бæллетæ, цæмæй етæ уæ къохи бафтуйуонцæ. Баруагæс уи уæд, цæйбæрцæбæл нифсгундæр уайтæ, уойбæрцæбæл уин фулдæр бантæсдзæнæй.

Сергей Меняйло ма радзубанди кодта форум байгон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали дæр:

– Хъæбæр æхцæуæн мин æй, æгайтима абони ами æрæмбурд æнцæ размæцуд æма цæхæрзæрдæ лæхъуæнтæ æма кизгуттæ. Сумахмæ кæсгæй, мæнæн мæхебæл дæр фулдæр хъаурæ 'фтуйуй, ме 'ригон бонтæ мæ зæрдæбæл æрлæууйнцæ. Уæрæсей Президент **Владимир Путин** хумæтæги нæ загъта:«Мах тухгин ан нæ сæрмагонд хецæндзийнадæй!..» Æма нæ еци удиконд ба 'й нæ гъæздуг истори, не 'гъдæуттæ æма фæткитæй. Исонибон æй нури размæ идарддæргонд. Нæ нури æцæгдзийнадæ ба сумах айтæ, нæ фæсевæд. Сумах абони айтæ нæ бæсти размæцудбæл архайгутæ æма 'й размæ, зæрдæмæдзæугæдæр исонибонмæ кæнетæ. Æма сумахмæ кæсгæй, сумах арфиаг гъуддæгутæ уингæй, хъæбæр федарæй ми æруагæс кæнуй, нæ исонибон цæмæдесаг ке уодзæнæй, е.

Дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ дзоргæй, Сергей Меняйло куд фегъосун кодта, уотемæй «Машук»-и фиццаг хатт исæмбалдæй, æ зæрдæмæ фæццудæй.

– Ауæхæн рауæн райгурунцæ аллихузон дессаг, цæмæйдæрти ба æнахур æма деси æфтауæг гъудитæ, нисантæ.



Уонæмæ лæмбунæг æркæсгæй, се 'хсæн æнæмæнгæ разиндзæнæй æхсæнадæн ахсгиаг ка 'й, уæхæнттæ. Мах, хестæр фæлтæртæ, циуавæрдæр стандарттæбæл ахур ан, фæсевæд ба æндæрхузон гъуди кæнуй. Æма сæ сæхе барæ бауадзæн, кæдимайди ба нæ деси бафтауиунцæ сæ агъазиау æргъудидзийнæдтæй.

Аци анз форум иссæй Еугуруæрæсеуон, æ сæйраг темæ æй Уæрæсей адæмти культурон бундайрадæ багъæуай кæнуни анз.

Комкоммæ уаги фиццаг кезу хуннуй «Наши открытия» рацæудзæнæй 13-20 августи. Баст уодзæнæй туризми хæццæ, алфамбулай фалдзос æма хуæрзвадуæттæ арæзуни, æхсæннацион æма æхсæнкультурон рахастдзийнæдти, бархеуонти æзмæлди хæццæ. Дуккаг кезу хундзæнæй «Наши смыслы» рацæудзæнæй 20-27 августи. Æ архайгутæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ ахурадæ æма гъомбæлади нæуæг равналæнтæ, æнæформалон ахуради къабази профессионалон æмæхсæнæдтæ.

Еума кезу ба исуодзæнæй нимæдзон, рацæудзæнæй онлайн-хузи. Амондзæнæнцæ, нимæдзон итигъади куд косгæ 'й, æдасдзийнади фарстатæ куд æнхæстгæнгæ 'нцæ, уони. Аци анз Цæгат Иристонæй «Машук»-и архайдзæнæнцæ æртинсæй адæймаги. Фиццаг кезуй нæ фæсевæд гъæвунцæ социалон æгъдауæй ахсгиаг фараст проекти багъæуай кæнун.

Архайгутæн нуртæккæ сæйраг æй сæ проекттæ багъæуай кæнунмæ сæхе бацæттæ кæнун. Е æнцон нæ уодзæнæй.

Цалдæр минуттемæ гъæуй, проекттæн æ ахедундзийнадæ, æ хуæдхуздзийнадæ цæй медæги 'й, уой бавдесун. Сæ проект цæйбæрцæ парахатдæр раргом кæнонцæ, уойбæрцæ – хуæздæр.

Еци гъуддаги син гъæуама фæппайда уа еугуруæрæсеуон фæсевæдон проектти конкурси эксперттæ **Евгений Гаврилов** æма **Юрий Купоросов** форуми архайгутæн ци мастер-класс исаразтонцæ, е дæр.

Куд гъæуй аудиторий гъосдарди здæхт фæууорамун, проекти гъæуай кæнуни рæстæгмæ? Циуавæр рæдудтитæй гъæуй хе багъæуай кæнун презентаций рæстæг? Берæ адæми размæ æдæрфсгæй цæмæй дзорай, уой туххæй ци гъæуй? Аци фарстатæн «Машук»-и архайгутæ раргом бæлврд дзуæппитæ эксперттæй. Юрий Купоросови фæдзæхст адтæй:

– Багъуди кæнетæ, куддæр уæ гъос раздахайтæ, ка 'рбацудæй кенæ ка æрбахизтæй, еци иуазæгмæ, уæд фæккъкъулумпи уодзæнæй уæ презентаци, уотæ зæгъæн ес æма æнæгъæнæ аудиторий дæр никъкъулумпи кодтайтæ. Айдагъдæр дæ темæбæл гъуди кæнæ, дæ бæлвурд финст сценаримæ ахид кæсун нæ гъæуй. Кæд уотæ рауадæй, æма фæккъкъулумпи айтæ, уæд рагъуди кæнетæ, цума хуарз ке лæдæретæ, еци темæ уе 'мбалæн дзоретæ.

Еци фæдзæхст форуми Цæгат Иристонæй архайгутæ цæйбæрцæбæл сæ зæрдæбæл бадардзæнæнцæ æма цæйбæрцæбæл æнтæстгин уодзæнæй сæ архайд, уой туххæй ба уин фæстæдæр игъосун кæндзинан.

## НÆ КÆСТÆРТÆ РÆСТВÆНДАГ ЦÆМÆЙ УОНЦÆ...

***Уæллагири коми рæсугъддæр æрдзон рауæнтæй еуеми æрбунат кодта сувæллæнтти реабилитацион центр «Тамиск». Æрæги ба си æ куст райдæдта барадæргъæуайкæнуйнадон-патриотон лагерь «Патриот-2022». Уой байгон кæнуни фæдбæл цитгин мадзали архайдтонцæ министрадтæ æма хецаудзийнади иннæ къабæзти минæвæрттæ, ветерантæ, æхсæнадон архайгутæ.***

Аллианзон лагерь «Патриот» Цæгат Иристони медгъуддæгути министради фæндæй, уæдта нæ республики Сæргълæууæги, Хецаудæ æма цæрди зин уавæри бахауæг сувæллæнтти гъæуайкæнуйнади Фонди агъазæй арæзт цæуй 2017 анзæй фæстæмæ æма æнхæст кæнуй профилактикон ихæстæ - фæййархайунцæ си, фæррæдуйгæй цæрди тæссаг уавæрти ка бахаудтæй æма раст надбæл æрлæуунæн фæййагъаз кæнун кæмæн гъæуй, уæхæн сувæллæнттæ.

Аци анзи кезуй си æрæмбурд уодзæнæнцæ уæхæн сæдæ æнагъонемæй фулдæр. Ци рæстæг си уодзæнæнцæ, уомæн ес сæрмагонд арæзт программæ, кæцимæ хаст æрцудæнцæ медгъуддæгути министради дæлхайæдти косгути мастерклассæ, ветеранти архайди хæццæ бæгъатæрдзийнади уроктæ, исфæлдистадон æма техникон къуæртти косгути хæццæ, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнадæ æма ахуради минæвæртти хæццæ, зундгонд спортсменти хæццæ фембæлдтитæ, физикон æма медицинон цæттæкæнуйнадæй, хуæнхон туризмæй ахурадæ, зæрдæбæлдарæн бунæттæмæ экскурситæ, уæдта æфсæддон-патриотон тематикæбæл видео-кинонивтæмæ бакаст.

Уомæй уæлдай, лагери фиццаг хатт байгон кæндзæнæнцæ уæлæнхасæн ахуради секцитæ (хузгин зменсæй аппликацитæ, бæстæзонунадæ, туризми бундортæ, шахмæттæ, уæдта раззаг компьютерон технологитæ рахатуни фæдбæл наукон-техникон æрмадзтæ). Æнагъонтæ цардиуаги социалон-пайдайаг хузти ке архайунцæ, уой фæрци сæ еугурæрсуг иразтæн фадуæттæ арæзт æрцæунцæ, фæсевæдмæ пайдайаг фæллойнадон зонундзийнæдтæ фæззинунцæ. Æнагъонти къуæрттæн разамунд дæтдзæнæнцæ фæсевæди гъуддæгути Комитети минæвæрттæ.



Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Алани мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№1682.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 18.08.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 18.08.2022.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.